ЛIыхъужь хахуэ Андемыркъан

2-нэ нап.

Дохутырхэм я зи чэзу зэхуэсышхуэ

3-нэ нап.

Тхыдэр сурэтхэмкIэ къатIэщIыжу

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ ди газетым Iэ тевдзэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№147 (24.897) • 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 9, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Урысейм бгым лыжэкIэ къежэхынымкIэ и лъэхъэнэщIэр Iуащхьэмахуэ къыщызэIуах

УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максимрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ щэбэт кIуам Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэIуахащ Урысейм бгым лыжэкIэ къежэхынымкIэ и лъэхъэнэщIэр.

МЭРЕМ махуэм, 2015 гъэ лъандэрэ иджы япэу, бгым и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щаутIыпщащ къежэхыпIэщIэр - километри 5,2-рэ хъу, «фIыцIэ», «плъыжь» жыхуаIэхэм хуэдэ гъуэгухэр. Иджы къыщыбжыхь хъу лъагъуэхэм псоми зэхэту километр 231-рэ я кIыхьагъщ. А къежэхыпIэхэм укIуэ хъунущ «Баштала», «Чиран» кIапсэ гъуэгухэмкIэ. EL3 кIапсэ гъуэгум «Мир» станцым къыщыщIэдзауэ «Мир-2» зэпыщIапIэ станцым нэс уешэ. Абдежщ къыщыщIидзэр къехыпIэхэм. Зы сыхьэтым къриубыдэу абы цIыху 2377-рэ къыщежэхыфынущ. Зибгъухэри къэщIыхьа, щхьэи зытелъ кабинэ цIыкIухэр зыпыщIа EL6 кIапсэ гъуэгум зы сыхьэт къэс цIыху 2400-рэ здэкIуэм нихьэсыфынущ.

ЦIыхуипщI зэрыхуэ апхуэдэ гондолэхэм я тетIысхьэпIэхэр къохуабэ, Iэуэлъауэхэмрэ щIиупскIэнымрэ щызыхъумэ, апхуэдэуи и кIуэцIым жьыр щызыгъэкъабзэ Iэмэпсымэхэр хэтщ.

Решетников Максимрэ КIуэкIуэ Казбекрэ ухуэныгъэщIэхэм зыщаплъыхьащ, иужькIэ министерствэмрэ Кавказ.РФ-мрэ щыщхэм я гъусэу кIапсэ гъуэгущIэмкIэ бгым къехыжащ. КIапсэ гъуэгухэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр къыщIэгъэкIыным елэжь «Руслет» компанием и генеральнэ директор **Сидорович Дмитрий** жиIащ Европэм нэхъапэм къыщащэхуу щыта апхуэдэ оборудованэхэр ди къэралым щащIхэмкIэ зэхъуэкIыным IуэхущIапIэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыхуэхьэзырыр.

«Кавказ.РФ» АО-м и генеральнэ директор **Юмшанов Андрей** зэрыжиIамкIэ, урысей Iэмэпсымэхэр илъэс къакIуэм къыщыщIэдзауэ къыщагъэсэбэпынущ иджыри кIапсэ гъуэгуиплI щаухуэкIэ. Апхуэдэуи я мурадщ трассэу иджыри километр 12 къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыпхашыну. КъищынэмыщIауэ, метр 3900-рэ лъагапIэм и кIэм щынагъэс альпинист къалэ цIыкIум и ухуэныгъэр - цIыху 68-рэ зыщIэхуэну унэ 15 щагъэув абдеж. Абыхэм ящыщ зыр МЧС-м и къегъэлакIуэхэм папщIэ ящI. Азау хуейм къатитхуу зэтет, иджырей зэманым къекIу сервис центр щащIынущ, хьэщIэхэр зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэщауэ, абы анэхэмрэ сабийхэмрэ папщIэ пэши медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт щIыпIи хэту. «А ухуэныгъэр 2028 гъэм и кIэ пщIондэ зэфIэкIыну догугъэ. Лэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ курортым и теплъэр егъэфIэкIуэным, IуэхущIапIэхэм я IуплъапIэхэмрэ абыхэм фIэдзахэмрэ зы архитектурэ щапхъэм тету щытыным теухуауэ. Иджы хьэщIэхэм я зыгъэпсэхукIэр куэдкIэ нэхъыфI хъунущ», - жиIащ Юмшанов Андрей.

АдэкIэ зэхэтащ бгым лыжэкIэ къежэхыным и лъэхъэнэщIэр Урысейм зэрыщрагъажьэм пыщIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр. Решетников Максим курортым и хьэщIэхэм ехъуэхъуащ бгым лыжэкIэ къежэхыным и зи чэзу лъэхъэнэщIэр къызэрызэIуахамкIэ.

- Нобэ ди къэралым и бгы-лыжэ лъэхъэнэщIэр къызэIудох икIи ар щекIуэкIыр мыбдежщ, Iуащхьэмахуэщ, сыту жыпIэмэ Урысейм и зыгъэпсэхупIэхэм я зэгухьэныгъэм бгылъэ курорт нэхъыфIу илъэс кIуам къилъытар аращ. Шэч хэмылъу, ар Урысейм и бгы-лыжэ курорт нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ, ауэ абы къехьэкъехуэхэри бэлэрыгъыркъым. Мыхьэнэшхуэ иIэщ мыр, щIымахуэми хуэдэу, гъэмахуэми цIыху куэдым зэракIуапIэм. Апхуэдэуи мыбы щолажьэ Кавказ.РФ-мрэ республикэмрэ я гуп зэщIэгъэуIуа лъэщ. Iуащхьэмахуэ зыхуэбгъадэ хъун щыIэкъым, - жиIащ министрым.

ЩIыпIэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я журналистхэм щепсалъэм абы къыхигъэщхьэхукIащ къуршым цIыхухэр щыдэкIкIэ абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным теухуа къалэн щхьэхуэхэм IэщIагъэлIхэр зэрегупсысыр. Инвестицэхэм я гугъу щищIым, министрыр къытеувыIащ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм зегъэужьыным мылъкуу хухахымкIэ ар япэ ирагъэщ щIыпIэхэм зэращыщым. «Псоми я лъабжьэжыр цIыхухэрщ, Iуэхум дихьэххэрщ, хьэщIэхуэфIхэрщ. Кавказыр къарум и къигъэхъуапIэщ!» - жиIащ Решетников Максим.

КIуэкIуэ Казбек къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм и тхыдэр илъэс щэ ныкъуэ зэрыхъур, ар къэральым щыпсэухэм зэрацIыхур. Мыбдеж къэралым и альпинизмэмрэ бгы-лыжэ спортымрэ я лъабжьэр щагъэтIылъауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм министерствэми Кавказ.РФ-ми я лэжьакIуэхэми Решетников Максими фIыщIэшхуэ яхуищIащ республикэм и курортхэм зегъэужьынымкIэ щIэгъэкъуэн зэрыхъум папщIэ.

Юмшанов Андрей къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Iуащхьэмахуэр къэралым и нэхъ лъагапIэ дыдэм щыIэ курорту зэрыщытыр, жьы къабзэм хэту, жыджэру зызыгъэпсэхуну хуейуэ абы илъэс къэс цIыху минищэхэр къызэрыхуеблагъэр. Курортым и хьэщIэхэм иджырей трассэ километр 20 зи кIыхьагъым къыщажыхь икIи Урысейм щынэхъ лъагэ дыдэ кIапсэ гъуэгумкIэ хы щхьэфэм метр 3847-кIэ щхьэщыт щIыпIэм туристхэр еIэтыф.

КИФЩI-м 2030 гъэ пщIондэ зэрызиужьыну щIыкIэм теухуауэ зэхалъхьа программэу Кавказ.РФ-м мы зэманым хъарзынэу игъэзащIэм зэрыщыубзыхуамкIэ, «Iуащхьэмахуэ» курортыр инвестицэ проект нэхъ лъэщхэм ящыщщ. Экономикэ щIыналъэ хэхам щылажьэ IуэхущIапIэ 29-м я проектхэр щагъэзащIэ мыбдеж, хьэщIэщ 15 яухуэну я мурадщ, инвестицэу къыхалъхьэну яубзыхуар сом мелард 35,8-рэ мэхъу.

«Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр мыбы щылэжьэну зи мурадхэм я дежкIэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ. Нобэ ди лэжьакIуэ гупхэр жыджэру яужь итщ къуршхэм дэкIыныр - туризмэм и унэтIыныгъэ нэхъ гугъухэм ящыщыр - хабзэм тету зэтраухуэным. Мыбы щаухуащ альпинистхэм папщIэ иджырей егъэзыпIэ, ар дэ нобэ зэдгъэлъэгъуащ. Абырэ иджыпсту лажьэ «Липрус» приютымрэ 2026 гъэм и гъэмахуэм япэу ирагъэблэгъэнущ къуршым дэкIахэр. Хьэрычэт IэнатIэм жыджэру мылъку хелъхьэ мы курортым икIи ди дежкIэ къалэн нэхъыщхьэр зи лэжьыгъэм фейдэ къыхэзыхыну хуейхэмрэ щIыуэпсыр хъумэным ехьэлIауэ щыIэ хабзэхэмрэ зыр адрейм зэран хуэмыхъуу Iуэхур зэтеухуэнырщ. Сыту жыпIэмэ, дэ дыздэщыIэр хэхауэ яхъумэ щIыуэпс щIыпIэщ - «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркырщ, - къыхигъэщащ Решетников Максим.

Мы зэманым йокIуэкI сом меларди 2,1-рэ инвестицэу зыхалъхьа «Азау» спорт-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексым и ухуэныгъэр - абы зэуэ цIыху 388-рэ щIэхуэнущ. Мыбы къыщызэIуахыну я мурадщ сабийхэм папщIэ бгы-лыжэ еджапIэрэ спортым жыджэру хэтахэм зыщрагъэужьыж комплексрэ. НэгъуэщI проектышхуитIым щыхоплъэ «Главгосэкспертиза»-м, иджыри зы абы хуагъэхьэзыр. Ахэр яутIыпщыну я мурадщ 2028 гъэм и кIэм.

Лэжьыгъэ программэм и кIэухыу екIуэкIащ гъэм и зэман псоми зэпымыууэ лажьэ «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ зыгъэпсэхупIэм адэкIи зегъэужьыным пыщIа Iуэхухэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Абы гулъытэ хэха щыхуащIащ туризмэм пыщIа инфраструктурэм къыхэгъэхъуэным, щIыпIэр хьэщIэхэм езыгъэлъагъу, езыгъэцIыху инструкторхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, туристхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIыпхъэхэм. НэхъапэIуэкIэ министрыр апхуэдэу яIущIащ бгы-лыжэ курортхэм я лIыкIуэхэу Iуащхьэмахуэ щылажьэхэм.



КъэмылэнджэжцIыху хахуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Нобэ, Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэм, дэ пщIэшхуэ яхудощI Хэкум папщIэ къызэрымыкIуэ Iуэхушхуэхэр зэфIэзыгъэкIахэм, лэжьыгъэ IэнатIэми зэуапIэми къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэхэм къапэкIуэу къэрал дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэм: ЩIыхь орденыр зратахэм, Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм, Урысей Федерацэм и ЛIыхъужьхэм. Абыхэм я цIэхэр игъащIэкIэ итыну иратхащ къэралым лIыхъужьыгъэкIэ, лэжьыгъэшхуэкIэ гъэнщIа и тхыдэм. Апхуэдэ лIыхъужьхэм мымащIэу яхэтщ ди лъахэгъуухэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуахэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми дрогушхуэ. Апхуэдэхэм я гъащIэ гъуэгуанэр, я къалэным зэрыхуэпэжымрэ я псэемыблэжыгъэмрэ ди дежкIэ щытщ хэкупсэ нэсым, Хэкум къэмылэнджэжу къулыкъу хуэщIэным я щапхъэ нэсу.

Хэхауэ пщIэшхуэ яхудощI дзэ Iуэху хэхам хэту зауэ IэнатIэм пэрыт щIалэхэм. Я къару, узыншагъэ, я псэ дыди емыблэжу абыхэм хахуэу яхъумэ Урысейм и сэбэп зыхэлъхэр. Ахэр псори зэкъуегъэувэ я къэралым хуаIэ лъагъуныгъэм, абы и къэкIуэнум быдэу зэрыпыщIам, ТекIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри ЛIыхъужьщ.

Шэч къытесхьэркъым, Хэкум и лIыхъужьхэм я хабзэ дахэхэм, хэкупсэ къалэн лъапIэхэм дахуэпэжу, ди зэкъуэтыныгъэмрэ ди къэралым лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм я зэпыщIэныгъэ быдэмрэ ди щIэгъэкъуэну, дэ гугъуехь псоми дазэрыпэлъэщынум икIи Урысейм и къэкIуэну дахэм папщIэ къэув къалэн лъапIэхэр зэдгъэхъулIэнщ.

МахуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу! Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэмкIэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми узыншагъэ быдэ фиIэну, фи Iуэхухэр зэIузэпэщу щытыну.

ЕджапIэхэр зэраухуэмрэ зэрызэрагъэпэщыжымрэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм, «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, депутатхэр щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, щIыналъэ проектхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым школхэр зэрыщаухуэмрэ зэрыщызэрагъэпэщыжымрэ. Ар ирагъэкIуэкIащ ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ комитетым и жэрдэмкIэ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщащ егъэджэныгъэм зегъэужьыныр къэралым и пщэрылъ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр, икIи республикэм абы гулъытэ хэха зэрыщигъуэтыр.

Егоровэм жиIащ зэIущIэм зыщыхуагъэхьэзырым, Налшык къалэм дэт егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ зыбжанэм депутатхэр зэрыщыIар: гимназие №14-м къыпащIыхьыжам, сабий гъэсапIэ №73-м (иужьрей илъэс 37-м иджы япэу зэрагъэпэщыжам), школ-интернат №1-м, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым. Абы къыхигъэщащ ялъэгъуам арэзы укъызэрищIыр, ауэ иджыри зэлэжьыпхъэхэр зэрыщыIэр.

Зрагъэубгъуащ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** жиIащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ Iуэхум «Нобэрей школ» и федеральнэ проектым хыхьэу, 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ 2025 гъэ пщIондэ курыт еджапIэ 24-рэ зэраухуар, абыхэм еджакIуэ мин 14-м нэблагъэ зэрыщIэхуэр. Ухуэныгъэхэм псоми зэхэту текIуэдащ сом мелард 13,5-рэ.

- Абы Iэмал къыдитащ школхэр дызэрыримыкъур дгъэмэщIэну, сабийхэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ пыщIа Iуэхухэр зыхуей хуэзэу къызэдгъэпэщыну. А пIалъэм кърибудыэу еджакIуэхэр процент 20-кIэ нэхъыбэ хъуащ, - жиIащ министрым.

Налшык къалэм и хьэблэщIэм щаухуащ республикэм и школ нэхъ ин дыдэр - ныбжьыщIэ 1500-рэ зыщIэхуэр, Къалэн куэд щызэфIагъэкI гимназиер. Бахъсэн къалэм и школыщIэм (1224-рэ щIохуэ) сабийхэр зы сменэу щеджэ хъуащ.

Сабийхэр щегъэджэным хуэмыщIа унэхэм япIэкIэ, Шэджэмрэ (ныбжьыщIэ 800 щIэхуэу) Сэрмакърэ (275-рэ) школыщIэхэр щаухуащ.

2021 гъэм «Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ округым и зыужьыныгъэ» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным хыхьэу, Ново-Ивановскэ къуажэм сабий 440-рэ зыщIэхуэну школ щаухуауэ щытащ.

«Демография» лъэпкъ Iуэхум «IэнатIэкIэ къызэгъэпэщын» и федеральнэ проектым ипкъ иткIэ, республикэм иужьрей илъэситхум сабий гъэсапIэу 55-рэ щаухуащ, мини 3,5-рэ щIэхуэу. Ухуэныгъэхэм сом мелард 1,7-рэ текIуэдащ.

И пIалъэм фIэмыкIыу

2022 гъэм ягъэбелджылащ «Школхэр егъэфIэкIуэн» федеральнэ программэр. ИлъэситIым кърибубыдэу, сом меларди 4-м щIигъукIэ муниципальнэ щIыналъэ псоми еджапIэ 68-рэ щызэрагъэпэщыжащ.

2025 гъэм къыщыщIэдзауэ зэрагъэпэщыжыну школхэр хэхуащ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «Унагъуэ» лъэпкъ Iуэхухэм. Абы хеубыдэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэу 19: курыт школу 15, сабий гъэсапIэу - 2, щIэныгъэ курыт щрату - 2. Абыхэм псоми зэхэту сом мелард 1,6-рэ хухах, КъБР-м и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым щыщ сом мелуан 43-рэ хэту. Лэжьыгъэр щызэфIагъэкIащ икIи гъэ еджэгъуэм щыщIадзэжащ школ 13-м. Адрейхэри пIалъэм фIэмыкIыу яухыну къагъэлъагъуэ.

2027 гъэ пщIондэ

Дызэрыт илъэсым «Унагъуэм зыщIэгъэкъуэн» федеральнэ Iуэхум хыхьэу, Iэ традзащ сабий гъэсапIищ зэраухуэну къэрал зэгурыIуэныгъэхэм. 2027 гъэм и кIэм Гундэлэнрэ Старэ Шэрэджрэ сабии 100 къызэщIэзыубыдэн IуэхущIапIэщIэхэр щаухуэнущ, Бахъсэн къалэм - сабии 140-рэ щIэхуэу. «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэмкIэ 2025 - 2026 гъэхэм Бахъсэнёнкэ къуажэм сабий гъэсапIэ щаухуэнущ.

ЩIыпIэхэм зэрызрагъэужь Iуэхухэм хыхьэу, Налшык къалэм иджыри сабий гъэсапIэу 3 «Восточный» хьэблэм (сабий 480-рэ щIэхуэу) щаухуэну я мурадщ. 2026 гъэм къыщыщIэдзауэ 2027 гъэ пщIондэ школ 57-рэ зыхуей хуагъэзэнущ, сабий гъэсапIэу 15-рэ СПО-м и IуэхущIапIэу 5-рэ зэрагъэпэщыжынущ. 2027 гъэм ирихьэлIэу, республикэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм я процент 50-м щIигъур зэрагъэпэщыжауэ щытынущ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм къэкIуэну илъэситIым текIуэдэнущ сом меларди 4,8-рэ.

Гъэунэхуныгъэхэр

Езауэ Анзор къытеувыIащ лъэпощхьэпохэми. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, школхэр зэгъэпэщыжынымрэ щIэхэр ухуэнымрэ яхуэгъэзауэ федеральнэ субсидиехэр процентит 10-кIэ зэрагъэмэщIар, нэхъ ипэкIэ федеральнэ бюджетыр 2026 гъэм, 2027, 2028 гъэхэм тещIыхьауэ зыхуэдэну я гугъам елъытауэ. КъищынэмыщIауэ, школхэм къедзылIа щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIынымрэ терроризмэм пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ехьэлIа Iуэхухэри къыщалъытэн хуейщ республикэ, щIыпIэ бюджетхэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Нобэ Урысейм щагъэлъапIэ Хэкум и лIыхъужьхэр

ЛIыхъужь хахуэ Андемыркъан

«Шынэм зауэлIыр Iэнкун ещI, икIи абы фIы кърикIуэркъым». А гупсысэр и гъуазэу, дзэ Iуэху хэхам хэтащ зи гугъу фхуэтщIыну лIыхъужьыр.

Къущхьэ Андемыркъан Артур и къуэр 1989 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. 2015 гъэм къыщыщIэдзауэ Урысейм и дзэм и гъащIэр ирипхащ.

2022 гъэм и мазаем Андемыркъан дзэ Iуэху хэхам кIуащ, абы лъандэрэ мызэмытIэуи нэрылъагъу хъуащ зэрыхахуэр. «ЩIалэр хэкупсэу, щалъхуа и лъахэр фIыуэ илъагъуу къызэрыдгъэхъуным сыт щыгъуи дыхущIэкъуащ», - жеIэ абы и адэ, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэм и къулыкъум пэрымытыж майор Къущхьэ Артур.

Зэрыхэкупсэм къыдэкIуэу, щIалэм цIыху нэс икIи хахуэ къызэрищIыкIам шэч къытетхьэркъым. Дзэ Iуэху хэхам къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм къыпэкIуэу, УФ-м и Президентым и УнафэкIэ, абы къыхуагъэфэщащ Жуковым и цIэр зезыхьэ медалымрэ «Хахуагъэм папщIэ» дамыгъэмрэ. Нэхъ ипэкIэ Сирием щекIуэкIа зауэм зэрыщыIам къыпэкIуащ «ЗауэлI лIыгъэм папщIэ» медалым и етIуанэ нагъыщэр.

Дзэ Iуэху хэхам япэ махуэм щегъэжьауэ щыIэ Андемыркъан 2025 гъэм и мэлыжьыхьым и узыншагъэкIэ дзэм къыхэкIыжащ, и лъахэм къигъэзэжащ. Нобэ, Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэм, лIыгъэ щIапIэ щыIа щIалэр ди псэлъэгъущ.

- Андемыркъан, шынагъуэт уздэщыIар?

- Шынэм зауэлIыр Iэнкун ещI, икIи абы фIы къырикIуэркъым. Аращи, шынэр зытебгъакIуэ хъунукъым.

- Сыт хуэдэ гупсысэ абдеж ар пщхьэщызыхыфынур?

- Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, хьэкъыу спхыкIат си къалэныр нэгъэсауэ згъэзэщIэн зэрыхуейр. Гупым хэтхэм зыгуэр пIейтей хъуауэ гу лъыттамэ, «мыдэ къаплъэт зэ, псори тэмэмщ», - жытIэу, дыхуэгуфIэу, и гукъыдэжыр къызэрытIэтыжыным иужь дитт. Ар щIыжысIэращи, щIытIым ущисми угушыIэни угуфIэни къэбгъанэркъым, уи гур бгъэкIуэд хъунукъым.

КъищынэмыщIауэ, сыт щыгъуи си гупсысэр унэмкIэ, си адэ-анэм я деж, щыIащ. Ахэр згъэщIэхъу зэрымыхъунур къызгурыIуэрт.

- Дзэм дауэ упыщIа хъуа, Андемыркъан?

- Къапщтэмэ, сабиигъуэм щегъэжьауэ сехъуапсэу щытащ дамэтелъ фащэ зэгуэр зесхьэну. Налшык къалэм дэт курыт школ №25-р къэзуха нэужь, юрист IэщIагъэм сыщыхуеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым. ИужькIэ дзэм къулыкъу щысщIэну сыдэкIащ. ОМОН-м илъэсищ сыщылэжьащ. СВО-м ипэ, Сирием къыщыхъеяуэ щыта зауэми сыхэтыну сыхунэсат. Абы къыхэкIыу сыхуэхьэзырт дзэ Iуэху хэхам.

- А тIур зэхуэбгъэдэфыну?

- Хьэуэ, ахэр зэбгъэщхь мыхъуну IуэхугъуитIщ. Сирием зы щIыпIэ хэхам къалэныр пыухыкIауэ щыбгъэзащIэрт. Дзэ Iуэху хэхам лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ, и мыхьэнэкIи пщэрылъкIи. Нэхъ гугъуу абы сыт хэлъар жыпIэмэ, япэщIыкIэ дызыпэмыплъа Iуэхуу ар къызэрыщIэкIар арагъэнщ. Ауэ зы тхьэмахуэ хуэдэ зэрыдэкIыу, псори къыдгурыIуэри, дызэкъуэту ди лэжьыгъэр дгъэзэщIащ.

- Губгъуэм фисын хуей зэрыхъуам сыт хуэдэ гугъуехьхэм фыхигъэта?

- Абы и лъэныкъуэкIэ гугъу дехьауэ схужыIэнукъым. Къапщтэмэ, псори зэкIэлъыгъэкIуауэ къулыкъур етхьэкIащ. Абы тIэкIу укъэзылъахъэр щIыпIэр зэрыдмыцIыхурт.

- ЩIытIым иса цIыхур дунейм нэгъуэщIынэкIэ еплъу къыщIэкIынщ.

- Ар шэч зыхэмылъщ. Нэхъ ипэкIэ уиIа еплъыкIэхэм зехъуэж. Уи хъуреягъым къыщекIуэкIыу хъуар плъытэн, пщIэ хуэпщIын щIыбодзэ. Уеблэмэ зэманми нэхъ ущысхьу, ухуэсакъыу, ар пщIэншэу зэрумыгъэкIуэным уегупсысу мэхъу.

- Щхьэхуит къэфщIыжа щIыналъэхэм цIыхухэр дауэ къыщыфIущIэрэт?

- Херсон щIыналъэмкIэ дыщыIащи, къэбгъэлъагъуэмэ, абыкIэ щыIэхэр урысыбзэ зыIурылъхэрат. ЗэрыжаIэу, IэплIэешэкIыкIэ къытIущIахэщ. Сэбэп дазэрыхуэхъуфкIэ дадэIэпыкъуащ. Абыхэм хьэкъыу я фIэщ хъурт Урысейр къызэрыкIуэу, я Iуэхур, я гъащIэр нэхъыфI зэрыхъужынур.

- Уэ мызэ-мытIэу псэзэпылъхьэпIэ уихуащ. Апхуэдэхэм деж уи къарур къызэщIэзыIэтэ гуэр уиIэт?

- Абы теухуауэ зыщ схужыIэнур - дин фIэщхъуныгъэр сыт щыгъуи сщIыгъущ. Апхуэдэуи, Хэкур мамыру щытыным дызэрытелажьэр зэи си гупсысэм хэкIакъым.

- Илъэс хъупакъым дзэм укъызэрыхэкIрэ. Дауэ гъащIэм ухэзэгъэжа, Андемыркъан?

- Тыншу. СыкъызэрыкIуэжрэ, япэ махуэм щегъэжьауэ, сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн къысхуэхъуащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондыр. Си дэфтэрхэр гъэхьэзырынымкIи, пенсэ ахъшэ схуагъэувынымкIи, сыт хуэдэ IуэхукIэ захуэзгъэзами къыздэIэпыкъуащи, фIыщIэ яхузощI.

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, иджыпсту «КъБР-м и лIыхъужьхэр» егъэджэныгъэ Iуэхум ухэтщ. Ар зэрекIуэкIым, абы щIэуэ къыщыфщIэм и гугъу уэзгъэщIынут.

- А Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ, нобэрей щыIэкIэ-псэукIэм, Iуэху зехьэкIэм узэрыхигъэгъуазэмкIэ. Ар хуэгъэпсащ ди зэфIэкIым, IэщIагъэм хэдгъэхъуэным, лэжьыгъэм и пIалъэ къэтщIэным, IэнатIэ дгъуэтынымкIэ къыддэIэпыкъуным. Дэ щIыналъэ унафэщIхэм дегъэбыдылIауэ къэрал Iуэху зехьэкIэм, цIыхухэм я псэукIэр зэрефIэкIуэну Iуэхухэм зэрелэжьым дыщагъэгъуазэ, министерствэхэм я IуэхущIафэхэр долъагъу. Псори гуапэу къытIуощIэ, дызыщымыгъуазэ щыIэмэ, къыдгурагъаIуэ.

- Уэ езым сыт хуэдэ лэжьыгъэм нэхъ тебгъащIэрэ?

- Сэ сызыхуейр си Хэкум, цIыхум сэбэп сазэрыхуэхъун Iуэхущ.

- ЛIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ сыт хуэдэ псалъэкIэ къыпхуэгъэлъэгъуэну?

- ЦIыхугъэр сэ къызэрызгурыIуэр псом япэ зумыгъэщынырщ. Уи пщIэр пIыгъыжу, абы щыгъуэми зыкъыхыумыгъэщу. ЦIыхугъэ зыхэлъыр сыт щыгъуи захуагъэм и телъхьэщ.

ЛIыгъэр Iэмал имыIэу зауэм епхакъым. Ар дэтхэнэ зыми къыщигъэлъэгъуэфынущ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм. ЛIыгъэщ мафIэм ис унэм зыгуэр къебгъэлынри, гузэвэгъуэ хэхуам ублэмыкIыу дэIэпыкъуэгъу ухуэхъунри.

- Сыт хуэдэу плъагъурэ ди текIуэныгъэр?

- Гугъэм шэч мащIэ хэлъщ, фIэщхъуныгъэращ шэч къызытумыхьэжынри, сэ си фIэщ мэхъу ди къэралым къэкIуэну дахэ къыпэщылъу.

- Упсэу, Андемыркъан! Уи Хэку ухуэфащэщ, ехъулIэныгъэфIхэр уиIэну, гъащIэм узэрыщыгугъхэр къохъулIэну ди гуапэщ.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Хабзэр, нэмысыр, цIыхугъэр псэуащ игъэнэхъапэу

● Фэеплъ

Адыгэхэм игъащIэми къыддекIуэкI ди хабзэр, нэмысир джыным, екIуу зехьэным, а лъэпкъ фIыгъуэхэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэным гулъытэ хэха хуэзыщIу зи гъащIэр езыхьэкIа адыгэ еджагъэшхуэхэм ящыщт тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, кавказыдж, этнолог, тхыдэдж цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик, Абхъазым «ПщIэрэ щIыхьрэ», «Леон и орденыр» и дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым археологиемрэ пасэрей тхыдэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щыта Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Хьэчим и къуэр (1947 - 2020). Лъэпкъ щIэныгъэлI щэджащэр дунейм зэрехыжрэ мы махуэхэм илъэситху ирокъу...

БАРЭСБИЙ къыщалъхуари къыщыхъуари парт, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэу, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьу щыта Бгъэжьнокъуэ Хьэчим и унагъуэращ. Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1947 гъэм къыщалъхуа щIалэм курыт школыр фIы дыдэу къиуха нэужь, абы еджэным щыпищащ КъБКъУ-м и филологие факультетым. ЕхъулIэныгъэ лъагэхэр иIэу щIэныгъэ нэхъыщхьэри зригъэгъуэтащ Барэсбий, ауэ абдежым къыщыувыIакъым. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэщIэм и зэфIэкIхэм щыхигъэхъуащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием БзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым и аспирантурэм. КъБКъУ-мрэ аспирантурэмрэ щыщеджа илъэсхэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу Бгъэжьнокъуэ Барэсбий игъэхьэзыращ икIи 1973 гъэм ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ и кандидат диссертацэр (унафэщIыр профессор цIэрыIуэ Леонтьев А.).

Еджэныр зэфIигъэкIыу республикэм къигъэзэжа нэужь, Бгъэжьнокъуэр КъБКъУ-м ирагъэблэгъащ икIи илъэси 10-м щIигъукIэ абы психологиер щригъэджащ. Жэуаплыныгъэ зыпылъ а лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Барэсбий къэхутэныгъэщIэхэр дапщэщи иригъэкIуэкIырт икIи абыхэм къарикIуахэр и щIэныгъэ тхыгъэхэм къыщигъэлъагъуэрт, дунейпсо щIэныгъэ зэхыхьэхэм я утыкушхуэхэм щиIуатэрт. 1974 гъэм къыщыщIэдзауэ Барэсбий жыджэру ядэлэжьэн щIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и IэщIагъэлIхэм. Ар ирагъэблагъэрт абы къыщызэрагъэпэщ этнографие зекIуэхэм, щIэныгъэ зэхуэсышхуэхэм. Ди щIыналъэм ис лъэпкъхэм я хабзэхэр, щэнхабзэхэр джыным епхауэ институтым щекIуэкI лэжьыгъэхэми хуабжьу зэрыдахьэхыр нэрылъагъу дыдэ хъурт апхуэдэхэм деж.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 70 гъэхэм я кIэуххэм щIэныгъэлIыр нэхъыбэу дихьэхыу хуежьащ цIыхухэм яку дэлъ лъэпкъ-щэнхабзэ зэхущытыкIэхэр джыным. Абыхэм ятеухуа и гупсысэхэр Бгъэжьнокъуэм къыщигъэлъэгъуэжащ и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэ куэдым. Къапщтэмэ, ахэращ зытеухуауэ щытар «ЗэхущытыкIэхэмрэ щэнхабзэмрэ» щIэныгъэ статья иныр. «Советская этнография» къэралпсо щIэныгъэ журналым 1978 гъэм къытехуауэ щыта а лэжьыгъэ купщIафIэм мыхьэнэшхуэ иIащ а унэтIыныгъэр джынымкIэ. ЗэфIиха апхуэдэ къэхутэныгъэхэр щIэныгъэлIым къыщызэщIикъуэжащ 1985 гъэм утыку кърихьа и доктор диссертацэм. Абы гулъытэшхуэ щигъуэтащ щIэныгъэ дунейм. Бгъэжьнокъуэм а лэжьыгъэм япэу щиубзыхуауэ щыта «лъэпкъ зэхущытыкIэхэр», «лъэпкъ образхэр», «лъэпкъ щэнхабзэхэмкIэ зэхъуэжэныгъэ», «зэхущытыкIэхэм я хабзэхэмрэ нэщэнэхэмрэ» псалъэ зэпхахэр, нэгъуэщIхэри абы къыщыщIэдзауэ хыхьащ щIэныгъэ литературэм икIи ноби ахэр шэщIауэ куэдым къагъэсэбэп. ЩIэныгъэ лэжьыгъэ къызэрымыкIуэр Бгъэжьнокъуэм ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Миклухо-Маклай Н. и цIэр зэрихьэу иIэ Этнографие институтым.

А илъэсым Бгъэжьнокъуэ Барэсбий ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. Ар абы щылэжьащ этнографиемкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу, лъэпкъыр, абы и щэнхабзэр джынымкIэ къудамэхэм я унафэщIу. ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкIышхуэрэ зыбгъэдэлъ хэкупсэр 2007 ягъэуващ а институтым и унафэщIу икIи илъэси 7-кIэ а къулыкъур къызыхуэтыншэу ирихьэкIащ. Бгъэжьнокъуэм и нэIэм щIэту IуэхущIапIэм а лъэхъэнэм щызэфIахащ къэхутэныгъэ купщIафIэ куэд, къыщызэрагъэпэщащ щIэныгъэ симпозиумхэр, конференцхэр, нэгъуэщI зэхыхьэхэр. Институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэр жыджэру хэтащ нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI дунейпсо зэхуэсхэм.

ИригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ купщIафIэхэр щIэныгъэлIым щызэхуихьэсыжа тхылъхэм ящыщщ 1990 гъэм езым и редакцэм щIэту къыдигъэкIауэ щыта «Щэнхабзэм и дуней» жыхуиIэр. Куэдым яфIэхьэлэмэта а къыдэкIыгъуэм ихуат адыгэ щэнхабзэм епхауэ а зэманым ирихьэлIэу щыIэ лэжьыгъэхэр. А тхылъ гъэщIэгъуэным къыкIэлъыкIуэу 1991 гъэм дунейм къытехьащ «Адыгэ лъэпкъ джэгукIэхэр» тхылъыр. Абы Бгъэжьнокъуэм къыщигъэлъэгъуащ адыгэ джэгукIэхэм я лэжьыгъэм и купщIэмрэ лъэпкъ гупсысэмрэ зэрызэпхар. Лъэпкъыпсо мыхьэнэшхуэ иIащ Бгъэжьнокъуэм и къалэмыпэм къыпыкIа «Адыгэ хабзэ» монографиеми. ЦIыхум и псэукIэ-щыIэкIэр, гупсысэр, дуней еплъыкIэр къызыхэкIа лъэпкъым елъытауэ зэрыщытым тещIыхьа а къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэныр «лъэпкъ антропологие» щIэныгъэ унэтIыныгъэм изагъэу гъэзэщIа хъуащ.

Адыгэ дунейр, лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэр, нэмысыр япэ изыгъэщу псэу щIэныгъэлIым 1990 - 1993 гъэхэм къыдигъэкIащ «ЩIэнгъуазэ» газетыр. Абы и напэкIуэцIхэм къытрадза тхыгъэхэр тещIыхьат адыгэхэм я тхыдэм, абыхэм зэрахьэу щыта хабзэхэм, лъэпкъ IуэрыIуатэм. Ахэр хъуащ «Адыгэ щIэнгъуазэр» къыдэгъэкIыным хуэгъэпса лъэбакъуэщIэхэу, лэжьыгъэ купщIафIэхэу.

ПщIэшхуэ яIэщ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и тхылъхэу «Адыгэ хабзэ», «Гуманистическэ этнологием и лъабжьэр», «Къэнжал зауэр», «Шэрджэсхэр (адыгэхэр)», нэгъуэщIхэми. ЩIэныгъэлI-этнолог цIэрыIуэм и къалэмыпэм псори зэхэту къыпыкIащ тхыгъэ щхьэхуэу 200-м щIигъу. Абыхэм яхэтщ монографие куэд. Ди къэралым къызэрыщыдэкIам къыдэкIуэу, абыхэм ящыщ куэд щытрадзащ хамэ щIыпIэхэми: США-м, Германием, Чехием, Швецием, Куржым, Болгарием. Апхуэдэу Бгъэжьнокъуэр и редактор нэхъыщхьэу дунейм къытехьащ «Вестник КБИГИ», «Археология и этнология Северного Кавказа» щIэныгъэ журналхэр. Псори зэхэту Барэсбий и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м щIигъу, монографие 14 хэту.

2020 гъэм и дыгъэгъазэм и пэщIэдзэм дунейм ехыжащ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Хьэчим и къуэр. Къэрал, адыгэ щIэныгъэлI щыпкъэм зэфIиха лэжьыгъэхэр дапщэщи щхьэпэщ лъэпкъ зыужьыныгъэм и дежкIэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЕджапIэхэр зэраухуэмрэ зэрызэрагъэпэщыжымрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Псалъэмакъ щхьэпэ

Депутатхэр щIэупщIащ школхэм егъэджэныгъэр зы сменэм тету зэрызэтраухуэж щIыкIэм, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ еджапIэхэр къызэрызэрагъэпэщым, зэгъэпэщыжыныгъэхэр екIуэкIыху, зэрырагъаджэ Iэмалхэм, республикэр егъэджакIуэкIэ къызэрызэгъэпэщам, нэгъуэщIхэми.

Езауэ Анзор жиIащ зы сменэ егъэджэныгъэм хуэкIуэным епхауэ гугъуехь нэхъыбэ здэщыIэр Налшык къалэр зэрыарар. Абы зэрыжиIамкIэ, етIуанэ сменэр нэсу ягъэкIуэдыжыныр школыщIэхэр ухуэнымрэ жьы хъуахэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымрэ я закъуэ зэфIигъэкIыркъым, еджапIэхэм нэхъ щыхуэныкъуэ щIыпIэхэр гъэбелджылауэ Iуэхум бгъэдыхьэн хуейщ. ЕджапIэхэр зыхуейхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ министрым жиIащ абы чэзуууэ, школхэр зыхуэныкъуэхэр къэлъытауэ зэрелэжьыр. Нэхъ ткIийуэ кIэлъоплъ физикэмрэ химиемкIэ пэшхэмрэ шхапIэхэмрэ къызэрызэрагъэпэщым.

«Бжыгъэ егъэджэныгъэ Iуэху» проектымкIэ 2020 - 2024 гъэхэм курыт школхэм иратащ ноутбук мини 9-м щIигъу. 2027 гъэм щегъэжьауэ абыхэм планшетхэри щIагъунущ. Абы и лъэныкъуэкIэ долажьэ Москва физико-техникэ институтымрэ Курчатовым и цIэр зезыхьэмрэ.

Депутатхэм къыхагъэщащ къалэнышIэхэр зи пщэрылъ хъуа курыт еджапIэ №6-м иджырей мардэхэм темыхуэу и лэжьыгъэм зэрыпищам. Езауэр тепсэлъыхьащ хабзэ хъуа жыпхъэхэм къытекIыу, Iуэхум къыхуагъуэт бгъэдыхьэкIэщIэхэм зэрегупсысым. Абы и лъэныкъуэкIэ Москва къалэм и зэфIэкIыр, IуэхущIапIитI-щым егъэджэныгъэ зэгухьэныгъэхэр яIэу щIыныр, къагъэсэбэпыну фIэигъуэу къыхигъэщащ. Ауэ а Iуэхум кууэ егупсысын зэрыхуейр жиIащ министрым.

Егоровэ Татьянэ къытеувыIащ зэгъэпэщыжыныгъэхэр екIуэкIыху, еджакIуэхэр здагъакIуэ нэгъуэщI школхэм я щытыкIэр хъума зэрыхъум. Дауэ умыщIми, апхуэдэ Iуэхум илъэситI-щы щытекIуадэ щыIэщи, унэлъащIэхэр, Iэмэпсымэхэр нэхъ псынщIэу жьы хъунри хэлъщ. Абы щхьэхуэу унафэ зэрытещIыхьыпхъэр жиIащ Егоровэ Татьянэ. Апхуэдэуи къыхалъхьащ зэрагъэпэщыжынухэм Налшык къалэм и зы сабий гъэсапIэ хагъэхьэжыпхъэу.

Егъэджэныгъэмкiэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI Емуз Нинэ жиIащ республикэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр псори зыхуей хуагъэзэхукIэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIынур. Къыхагъэщащ ухуэныгъэхэр зыщI языныкъуэхэм я зэранкIэ лэжьыгъэхэр зэрыгувэр, Iэмэпсымэ мыхъумыщIэхэр къызэрашэр, нэгъуэщIхэри. А ныкъусаныгъэхэр щымыIэным я лэжьыгъэр адэкIэ траухуэныр я унафэу, зэIущIэм хэтахэр зэбгрыкIыжащ.

● Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэт»-м и щIыналъэ къудамэм и зэIущIэ

Налшык щекIуэкIащ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и 37-нэ зэIущIэр. Абы щагъэбелджылащ партым и щIыналъэ къудамэм и политсоветымрэ президиумымрэ хэтынухэр.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Парламентым и депутатхэр, муниципалитетхэм я унафэщIхэр. «Урысей зэкъуэтым» и зэIущIэм хэтыну лIыкIуэ 87-м зрагъэтхащ. Абыхэм ящыщу 28-р щIыпIэхэм щыIэ къудамэхэм щыщхэщ, 51-р щIыналъэ политикэ партым хэтхэрщ.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. Абы жиIащ политсоветымрэ президиумымрэ хэтынухэр щIэрыщIэу хахыжын зэрыхуейр, абы теухуауэ къагъэсэбэп Iэмалхэр партым и хабзэхэм зэрытехуэр. А мардэм хуит укъещI политсоветми президиумми хэтхэр илъэс къэс процентипщI мынэхъ мащIэкIэ пхъуэжыну. Апхуэдэу, политсоветым хагъэхьащ Балъкъэр Хьэжмурат, Кожухов Кирилл, Ломов Максим, Отаров Мухътар, ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит, Хъущт Аслъэнбий, Шевчук Герман. Политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и политсоветым и президиумым хагъэхьащ Байдаев Сэлихьрэ Iэтэ Андрейрэ.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Парафилов Дмитрий зэIущIэм хэтхэр щигъэгъуэзащ щэкIуэгъуэм и кIэм Москва щекIуэкIа урысейпсо зэхыхьэр зытеухуауэ щытам, абы КъБР-м и муниципалитетхэм я лIыкIуэхэр зэрыхэтам. Къэралым и щIыпIэ куэдым щыщу абы щыIащ лIыкIуэ 200-м щIигъу. Къыхэгъэщыпхъэщ: «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм хэтщ республикэм и цIыху мин 46-рэ.

ЗэIущIэм къыщапщытэжащ 2025 гъэм республикэм щалэжьа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм, илъэсыщIэм нэхъыбэу гу зылъатэн хуейхэр ягъэбелджылащ.

ГЪУЭТ Синэ.

● УФСБ-м къет

Къэрал щэхум теухуауэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и къулыкъущIэм илэжь хабзэншагъэр. КъызэрыщIагъэщамкIэ, абы хэIущIыIу ищIащ къулыкъур щигъэзащIэм къэрал щэхум ехьэлIауэ къищIахэр.

УРЫСЕЙ ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 283-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, абы къыщыхьа щIэпхъаджагъэм хуэдэ зылэжьар илъэси 4-м нэскIэ ягъэтIыс.

Iулъхьэ итыну хэтащ

КъБР-м и Прохладнэ район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Отаров Х. Х. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 291-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ икIи сом мелуани 2,3-рэ къуэдыуэ тралъхьащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, «Юхас» хозяйствэм и унафэщI Отаров Х. Х. КъБР-м щыIэ УФСБ-м и лэжьакIуэхэм сом мелуан 1,3-м щIигъу яхуигъэлъэгъуащ зи унафэщI IуэхущIапIэр къамыпщытэн папщIэ. Ахъшэр щаритым цIыхухъур яубыдащ.

Илъэси 4-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу

Электросеть компанием и къудамэм и лэжьакIуэм зэрихьэ хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ. Шэрэдж районым щыIэ хуабэщхэм я зым къыщагъэсэбэп электрокъарур къыщапщытэм абы хабзэр къызэпиудащ, и къулыкъур къигъэсэбэпри.

УРЫСЕЙМ и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 33-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм, 285-нэм и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэм ятеухуауэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ хабзэншагъэхэр зезыхьар илъэси 4-м нэскIэ ягъэтIыс.

Сом мин 400 къуэдыуэ тралъхьэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ илъэс 26-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым зэрихьэ хабзэншагъэр. Ар ящыщщ экстремизмэр мылъкукIэ дэзыIыгъхэм.

СУДЫМ экстремизмэм пыщIауэ къилъыта икIи Урысей Федерацэм хуит щамыщIа мыкомерческэ IэнатIэм и счетым ахъшэ абы иутIыпщащ.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Беш Х. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 282.3 статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ, абы хуагъэуващ къуэдыуэ сом мин 400 ипшыныну.

Дунейм щыхъыбархэр

Зихуэдэ щымыIэщ

УФ-м и Президент Путин Владимир Полк уахътыншэ урысейпсо форумым и къэзэгъэпэщакIуэхэмрэ и хьэщIэхэмрэ защыхуигъазэм къыхигъэщащ Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэм я дежкIи а зэщIэхъееныгъэр зихуэдэ щымыIэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр.

- «Урысейм и полк уахътыншэ» цIыхубэ жэрдэмыр илъэси 10 зэрырикъумкIэ сынывохъуэхъу. Ар зэрыщыIэ пIалъэм къриубыдэу а зэщIэхъееныгъэм къэралми цIыхубэми я дежкIэ къыпхуэмылъытэн къалэнышхуэ игъэзэщIащ. А Iуэхур Урысейм и цIыху мелуанхэм я гум дыхьащ, жылагъуэм зэдэарэзыуэ къызэдащта жэрдэмым цIыхубэр зэкъуигъэуващ. Проектым хэтхэм Iуэху щхьэпэ пщэрылъ зыщащIыжащ, Хэкум и тхыдэм и пэжыр хъумэным, ди адэхэм, адэшхуэхэм я лIыгъэр уахътыншэ щIыным хуэунэтIауэ», - щыжеIэ къэрал УнафэщIым Кремлым и сайтым къралъхьа тхыгъэм.

Урысейм и Президентым жиIащ форумым и зи чэзу зэхыхьэм узэщIыныгъэ, егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ Iуэхухэм теухуауэ унэтIыныгъэщIэхэр зэщIэхъееныгъэм и лэжьыгъэхэм къыхагъэхьэну зэрыщыгугъыр.

ЩIэупщIэ зиIэнухэр

УФ-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министр Котяков Антон къигъэлъэгъуащ дызыхуэкIуэ илъэсиблым нэхъ щIэупщIэ зиIэну IэщIагъэхэр. Къэхутэныгъэхэм наIуэ къызэращIамкIэ, ахэр медицинэ, лэжьакIуэ IэщIагъэхэрщ.

«Урысейм и экономикэм къигъэувхэм ятепщIыхьмэ, нэхъыбэу къэралыр хуэныкъуэнущ медсестра, фельдшер, акушер IэщIагъэлIхэм. Апхуэдэу щIэупщIэшхуэ яIэщ лэжьакIуэ IэщIагъэхэм: механикхэм, гъущIэпыгъажьэхэм, слесархэм, промышленнэ IэнатIэхэм Iэмэпсымэхэр щызыгъэув, щызэтезыхуэ операторхэм, - жиIащ министрым.

НэхъапэкIэ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ «Зи IэщIагъэкIэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм щыжиIащ къэкIуэну зэманым дэрбзэрхэмрэ гъущIэпыгъажьэхэмрэ нэхъ зэпэубыдауэ зэрыщытынур. «Авито работы» сервисым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, 2025 гъэм улахуэ нэхъыбэ дыдэ къызыпэкIуэ IэщIагъипщIым ящыщщ гъущIэпыгъажьэр. Зэрылажьэ сыхьэт бжыгъэм елъытауэ а IэщIагъэлIхэм къалэжьыфынущ сом мини 165-м щегъэжьауэ 270-м нэс.

Дыгъэгъазэм и 9, *гъубж*

♦ **ЛъэпкъгъэкIуэд щIэпхъаджагъэм хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж, геноцидыр мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Iулъхьэ тын-къеIыхыным пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысейм щагъэлъапIэ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэр**

♦ **Урысейм и гъущI гъуэгу транспортым шынагъуэншагъэм щыкIэлъыплъынымкIэ и IэнатIэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦ **1802 гъэм** къалъхуащ урысей армэм и генерал-майор, къэралым и дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуагъэфэща **Анзор Хьэту**.

♦ **1962 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор **Щохъужь Замир**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 3 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 6-кIэ зихъуэжынущ.

Дыгъэгъазэм и 10, *бэрэжьей*

♦ **ЦIыхум и хуитыныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **Футболым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысей МВД-м связымкIэ и къулыкъур къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦ **1935 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъыш Нухь**.

♦ **1936 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Лафыщ Мухьэмэд.**

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ дирижёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тIэунейрэ и лауреат **Темыркъан Юрэ**.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор Былымгъуэт Борис.

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Согуэ Данил**.

♦ **1970 гъэм** къалъхуащ самбэ бэнэкIэмкIэ дунейм пщыкIуэрэ и чемпион хъуа **Хьэсанэ Мурат**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЗызыгъэщIалэ лIыжьыр щIэнэкIалъэщ.

ЛъэпкъыР ефIэкIуэныр я гъуэгугъэлъагъуэщ

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къалащхьэм дэт къэрал филармонием щэкIуэгъуэм и 26-м щекIуэкIащ Шэрджэс Хасэм и къэпщытэжыныгъэ-хэхыныгъэ зэIущIэиныр. Ар илъэсищым зэ зэфIагъэкI Iуэхущ. ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэкIэ къыддэгуэшащ «Черкес хэку» газетыр.

ЛЪЭПКЪ зэхуэсым хэтащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ Астэжь Франческэ, КъШР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымкIэ и министерствэм жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI Къуршэ Фаинэ, хэгъэгум хыхьэ адыгэ къуажэхэм щылажьэ, Хасэм и къудамэхэм я лIыкIуэхэр. Зэхуэсым и пщIэр яIэтащ нэхъыжь Iумахуэхэу, адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIауэ къеблэгъа нэхъыжьыфIхэу Дыгъужь Барисбий, КIэм Мурадин, Уэхъутэ Алий сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист Абидокъуэ Люсанэ. Мыпхуэдэ лъэпкъ зэхыхьэхэр зэрекIуэкI хабзэм тету, Урысейм, КъШР-м, ДАХ-м я гимнхэр къеуа нэужь, зэIущIэр ирагъэжьащ Iуэху гуапэкIэ. А махуэм утыкум щагъэлъэпIащ лъэпкъ Iуэхум хэлIыфIыхьэр, лъэпкъыбзэр, хабзэхэр хъумэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэр. Абыхэм ящыщу я цIэр къиIуапхъэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ ЩIыхь тхылъымрэ зыхуагъэфэща, адыгэ лъэпкъым и спортсмен, бэнакIуэ цIэрыIуэ ПIапIшу Хьэлий.

Хьэлий и узыншагъэр мыщIагъуэу зэIущIэм къызэремыкIуэлIэфам къыхэкIыу, КъШР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алий ЩIыхь медалыр иритыжащ ягъэлъапIэм и щхьэгъусэ, лъэпкъ Iуэхум, Хасэм и лэжьыгъэм илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ гуащIафIэу хэт ПIапIшу Лидэ. КъищынэмыщIауэ, утыкум щагъэлъэпIащ щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, лъэпкъ IуэхумкIэ, журналистикэмкIэ, спортымрэ альпинизмымкIэ, нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIи адыгэм и пщIэр зыIэтахэр. АдэкIэ, ДАХ-м гъэ къэс иригъэкIуэкI адыгэ Iуэрытхыр «5»-кIэ зытхахэми мы махуэм IэщIалъхьэжащ абы и сертификатыр.

Лъэпкъ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэр илъэсищым къриубыдэу зытелэжьа Iуэхухэм тепсэлъыхьащ абы и тхьэмадэ, КъШР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат, ДАХ-м и вице-президент Аслъэн Алий.

- Илъэс пщIы бжыгъэ мэхъури, Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр жыджэру хуеунэтI лъэпкъым бгъэдэлъ щIэин лъапIэхэр хъумэным, абыхэм къахэгъэхъуэным, хабзэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм мамыру дэгъуэгурыкIуэным. Адыгэ Хасэм Iуэхуу илэжьым зырызыххэу утепсэлъыхьыфынукъым, абы зэман куэд текIуэдэнущи. Ауэ лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэхэм я гугъу щIыпхъэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, илъэсыр зэредгъажьэ Iуэхугъуэр - ди лъэпкъым и цIыхушхуэ Къалмыкъ Юрэ теухуа фэеплъ дауэдапщэхэр. Къэрал къулыкъущIэ щэджащэм и щIыхькIэ, икIи и фэеплъу щIэныгъэ зэхыхьэхэр сыт щыгъуи зэхыдошэ, уеблэмэ хамэ къэралхэм къикIа ди лъэпкъэгъухэри хэту идогъэкIуэкI. Абы къыкIэлъокIуэ Лъэпкъыбзэм и махуэр. Нобэ хэти фощIэ хэгъэгум ит адыгэ къуажэ зыбжанэм этно-классхэр зэрыщылажьэр. Ахэр нэхъыбэ щIыным, тхылъкIэ, зыхуэныкъуэ лъэпкъ хьэпшыпхэмкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ щхьэпэ дохъу. Адыгэ ныпым и махуэр икъукIэ Iэтауэ, адыгэ щIалэгъуалэм утыкур ягъэбжьыфIэу гъэ къэс фестивалхэр идогъэкIуэкI, лъэпкъым и Щыгъуэ-щIэж махуэм къэрал и къулыкъущIэхэр, жылагъуэр зэхэту Iуэхур идогъэкIуэкI, Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэм гулъытэ хэха яхудощI хамэ щIыналъэхэм къикIыжу адэжь хэкум къэзыгъэзэжахэм. ТхузэфIэкI къэдмыгъанэу дыхолIыфIыхь «Иппосферэ» шы гъэлъэгъуапIэм ди республикэм щыщ лIыкIуэхэм адыгэшыр утыку къыщрашэным. Адыгэшым и пщIэмрэ щIыхьымрэ Урысейм щыщаIэт фестивалым дыхэтыныр ди пщэрылъ пажэу къыдолъытэ, - къыхигъэщащ Аслъэн Алий къыщыпсалъэм.

- Пэжщ, Адыгэ Хасэм и мылъкукIэ зи гугъу сщIа Iуэху псори пхуэгъэкIуэтэнукъым, - пищащ и псалъэм Алий, - абыхэм куэд токIуадэри. Си гуапэщ адыгэм къытхэкIа цIыху щыпкъэхэр, ди ныбжьэгъуфIхэр, лъэпкъ Iуэхум хуэжумартхэр мылъкукIэ къызэрыддэIэпыкъур, ди лэжьыгъэр къызэрыддагъэпсынщIэр къыхэзгъэщыну. Адыгэм жеIэ: ЗэдеIэр лъэщщ, зыр адрейм дэIэпыкъумэ, сыт хуэдэ Iуэху гугъури пхуэгъэкIуэтэнущ.

Лъэпкъ Iуэхум хуэгъэзауэ щIэгъэкъуэн дыхуэныкъуэу дызыбгъэдыхьэ дэтхэнэри, къулыкъущIэхэм я деж щегъэжьауэ цIыху къызэрыгуэкIхэм я деж щиухыжу, къыткъуоувэ. Ар дэркIэ уасэншэщ. ФIыщIэ ин яхузощI абыхэм. Псоми длэжьыр, ди гур, ди псэр зыхэтлъхьэр, дызыгъэпIейтейр лъэпкъым ифI къызыхэкIынращи, Тхьэм нэхъыбэжми дыхущIигъэхьэ, - дыщIигъуащ Хасэм и тхьэмадэм.

КъинэмыщIауэ, Аслъэн Алий и къэпсэлъэныгъэм гулъытэ щхьэхуэ щыхуищIащ хэгъэгум къыщызэрагъэпэщ къэрал, урысейпсо проектхэм Хасэр гуащIафIэу зэрыхэлэжьыхьым, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм яку зэныбжьэгъугъэ, зэкъуэшыныгъэ, мамырыгъэ дэлъыным зэрыхэлIыфIыхьым, хэгъэгум и ЛIыщхьэр, ди къэралышхуэм и Президентыр зытет политикэ гъуэгуанэм жылагъуэ зэгухьэныгъэри зэрырикIуэм.

Дяпэкlэ зэлэжьын хуей къалэнхэм я гугъу щищIым, жиIащ: «Лэжьыгъэр куэдщ, псом хуэмыдэу адэжь хэкум къэзыгъэзэжахэм яхуэгъэзауэ. КъищынэмыщIауэ, анэдэлъхубзэр, тхыдэр джыныр, ахэр ди щIэблэм яIэщIэдмыгъэхуныр ди къалэнщ, Iэпэдэгъэлэл тщIынкIэ Iэмал имыIэу».

Зэхуэсым хэтахэр тхьэмадэм едэIуа нэужь, зэрахабзэу, я чэнджэщ, Iуэху еплъыкIэ жаIащ.

- Хабзэрэ цIыхугъэрэ хэлъщ, игуэщI лэжьыгъэр нэрылъагъущ, лъэпкъым и пщIэр, и щIыхьыр иIэтыным гуащIэшхуэ хелъхьэ, жыджэру къызэригъэпэщ Iуэхухэр мыхьэнэшхуэ зиIэ защIэщ. Солъытэ, нобэ Аслъэн Алий и лэжьыгъэм арэзы дытехъуэу, дыкъуэувэу, адэкIи ди лъэпкъым и Iуэхур дэдгъэкIуэтэну, - жиIащ Хьэбэз къуажэм къикIа нэхъыжьыфI Хьэкъун Назир.

- Зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр къыдобэкI, абыхэм щIэныгъэм, гъуазджэм, спортым я лъэныкъуэкIэ яIэ зэфIэкIхэм уатхьэкъу, пэжыр жысIэнщи. Хасэр нэхъыбэу телэжьапхъэщ щIалэгъуалэм и зыужьыныгъэм. ЩIэблэм ульэщIэмыхьэу заужь, сытри къапхъуатэ, жэрдэму къабгъэдэкIым гъунэ иIэкъым. Мыбдеж нэхъыщхьэр ахэр гъуэгу захуэм темыгъэкIынращ. Дэ сыт щыгъуи дыфкъуэтщ, чэнджэщэгъу дыфхуэхъуфынущ, сэбэп дызэрыхъуным дыхущIэкъунущ, - къыхигъэщащ Хъумэрэ щыщ нэхъыжьыфI Дыгъужь Барисбий.

Лъэпкъыр зэхуэсауэ, зыгъэпIейтей Iуэхухэм темыпсэлъыхьу хъунт?! Апхуэдэу, тегъэчыныхьауэ и гугъу ящIащ лъэпкъым и махуэщI зэхыхьэхэм адыгэ фащэр щатIэгъэн зэрыхуейм; адыгэшым и Iулыджымрэ и пщIэмрэ хэгъэгум зэрыщыщIэтхапхъэм; Адыгэ-Хьэблэ районым сымаджэщ зэримыIэм къыхэкIыу цIыхухэр гугъу зэрыригъэхьым; Хасэм и лэжьыгъэм лъэпкъым къыхэкIа дэтхэнэри зэрыхэлIыфIыхьыпхъэм, нэгъуэщIхэми.

Къэпсэлъэныгъэхэм иужь, зэIущIэм хэтахэр яужь ихьащ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм унафэ тращIыхьыным - Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ IэнатIэм пэрыувэныр хэхыным. ЛIыкIуэхэм зэдэарэзыуэ, а къалэныр Аслъэн Алий хуагъэфэщэжащ. Абы къыдэкIуэу хахащ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэр, Хасащхьэм хэтынухэр.

ШЫПШ Даянэ.

Дохутырхэм я зи чэзу зэхуэсышхуэ

Адыгэ Республикэм и ЛIыкIуэ IуэхущIапIэу Москва дэтым иджыблагъэ щызэхуэсащ «Дохутырхэм я хасэ» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэр. Абы къыщапщытэжащ 2025 гъэм ялэжьахэр. ЗэIущIэм хэтащ Москва дэс адыгэхэм я Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Агъырбэ Юрэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, IэщIагъэм зэпымыууэ щыхурагъаджэ Урысей медицинэ академием (РМАНПО) сабий нейрохирургиемкIэ и кафедрэм и профессор, Сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым нейрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщI, Хасэм и гуащэ Семэн Жаннэ, Адыгейм и сенатору УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым щыIэ Хъупсырокъуэ Мурат, Къэбэрдей-Балъкъэр Респубикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам, медицинэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, дохутыр Iэзэхэр, IэщIагъэм пэрыувагъащIэхэр, студентхэр.

- ХАСЭР къызэрызэдгъэпэщрэ илъэсищ фIэкIа мыхъуами, а зэман кIэщIым къриубыдэу къигъэлъэгъуащ зыхуигъэувыжа къалэнхэм хъарзынэу зэрыпэлъэщыр. Ар хэгъэгухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ социальнэ институт хъуащ, - жиIащ Хасэм и унафэщI Семэн Жаннэ.

Хасэм хэтщ Москва и сымаджэщ цIэрыIуэхэм, хамэ къэралхэм щыIэ щIэныгъэ центрхэм, апхуэдэуи Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм щылажьэ дохутыр лъэрызехьэхэр.

Урысей медицинэмрэ абы епха щIэныгъэмрэ заужьынымкIэ япэ игъэщыпхъэ къалэнхэр щIыналъэхэм щызэфIегъэкI Хасэм, дохутыру еджахэр я IэщIагъэм нэхъ Iэзэ хуэхъун папщIэ къэрал медицинэ IуэхущIапIэхэм увынымкIэ ядоIэпыкъу, махуэ къэс щIэуэ къежьэ Iэмэпсымэхэр республикэхэм тыншу къыщагъэсэбэпу егъэсэнымкIи зыщIагъакъуэ.

«Дохутырхэм я хасэ» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и япэ зэIущIэм Хасэм и уставыр къыщаштауэ щытащ. Абы и пщэрылъ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм, нэгъуэщI хэгъэгухэми я медицинэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ пщIэншэу ядэIэпыкъуныр. Аращ нобэкIэ зытетри. Апхуэдэуи зэгухьэныгъэм хэтхэм медицинэ егъэджэныгъэм, медицинэ щIэныгъэм, медицинэ IэщIагъэм я зэпыщIэныгъэр ягъэбыдэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Москва и медицинэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэхэмрэ къалэ сымаджэщым щыIэ дохутырхэмрэ зыхэт чат нобэкIэ мэлажьэ. Адыгэ дохутырхэр зэрыщIэным и жэрдэмщIакIуэ хъуар Москва дэс адыгэхэм я Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Агъырбэ Юрэщ.

Чатым хэтщ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщхэу Москва щылажьэ дохутырхэр. Абыхэм республикэхэм икIа сымаджэхэм я нэIэ трагъэт, Москва кIуэныр, зэкIуэлIэнур къыхузэрагъэпэщ, чэнджэщэгъу мэхъу.

Семэн Жаннэ сытым дежи къыхегъэщ къэралым и сымаджэщ, институт нэхъыфIхэм ди лъахэгъу куэд ехъулIэныгъэхэр яIэу зэрыщылажьэр, ахэр республикэхэм икIахэм дэIэпыкъуну сыт щыгъуи зэрыхьэзырыр.

Зи чэзу зэхуэсым хэтахэр тепсэлъыхьащ Хасэм и пщэ къыдэхуэ Iуэхухэр убзыхуным, нэхъри зегъэубгъуным, медицинэм и лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэр сымаджэщ нэхъыфIхэм гъэувыным, дохутыр нэхъ Iэзэхэм дэгъэлэжьэным, щIыналъэхэм я зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэным, абыхэм щыпсэухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным хуэсакъыным.

«Дохутырхэм я хасэ» зэгухьэныгъэм медицинэ щIэныгъэхэмкIэ дохутыр 12, кандидату 22-рэ хэтщ, медицинэм и IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къызэщIаубыдэу. Ар зы щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт хуэдиз мэхъу.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мылъку нэхъыбэ къыхашэ

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэу къратам и куэдагъым процент 25-кIэ зы илъэсым хагъэхъуащ. ЖыпIэнурамэ, 2025 гъэм и мазибгъум къриубыдэу МСП Корпорацэм и нэIэ щIэт Лъэпкъ шэсыпIэ фондым и IэмалхэмкIэ псори зэхэту сом мелард 31,1-рэ абыхэм къаштащ. Илъэс ипэкIэ ар зэрыхъуар сом мелард 25-рэщ.

«КЪЭРАЛ дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъыбэу зрат щIыналъэхэм Кавказ Ищхъэрэр яхохьэ. Дызэрыт илъэсым и щIышылэм - фокIадэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Лъэпкъ шэсыпIэ системэм и Iэмалхэр нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпар хьэрычэт IэнатIэ мащIэрщ: нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 44-кIэ нэхъыбэу. А пIалъэм къриубыдэу бизнес цIыкIумрэ курытымрэ я мылъкум и куэдагъым зэхуэдэу хагъэхъуащ - щхьэж къылъысу процент 20.

Къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ зэрыратым и фIыгъэкIэ, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр абыхэм къыщызэIуах, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми я бжыгъэм къыхохъуэ», - жиIащ МСП Корпорацэм и унафэщI Исаевич Александр.

КИФЩI-м и щIыналъэхэм ящыщу къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр къагъэсэбэпу мылъку нэхъыбэ зы илъэсым къэзыщтар Ингушымрэ Дагъыстэнымрэ я хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэщ: нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэу е, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ, сом меларди 2,85-рэ, сом меларди 5,23-рэ.

Абыхэм къакIэлъокIуэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ (процент 48-рэ) Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ (процент 25-рэ) е, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ, сом меларди 3-рэ, сом меларди 2,79-рэ. Етхуанэу Ставрополь крайр къокIуэ. Илъэсым къриубыдэу къэрал дэIэпыкъуныгъэу абы къигъэсэбэпам и куэдагъым процент 13-кIэ хигъэхъуащ - сом мелард 12,1-рэ щIыхуэу къищтащ.

Къапщытэж пIалъэм ирихьэлIэу Кавказ Ищхъэрэм и хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ хыхьэ IуэхущIапIэхэм ящыщу къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпар щIэныгъэ-техникэ хуэIухуэщIэхэм хэтхэрщ: нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ хуэди 7-кIэ хагъэхъуащ. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ егъэджэныгъэмрэ инфраструктурэ ухуэныгъэмрэ пыщIахэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ, - хуэди 3,8-кIэ, хуэди 3,1-кIэ нэхъыбэу.

Мыдрейуэ, административнэ хуэIухуэщIэхэм хэт бизнесым къэрал дэIэпыкъуныгъэу и лэжьыгъэм къыхиша мылъкум и куэдагъым хуэди 2,4-кIэ, щэнхабзэмрэ спортымрэ я IэнатIэхэм пыщIахэм - хуэдэ 1,8-кIэ хагъэхъуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр зратхэм ящыщу Кавказ Ищхъэрэм, КъуэкIыпIэ Жыжьэм, къэралым къыхыхьэжа щIыналъэщIэхэм, Къырымымрэ Севастополымрэ я хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ япэ ирагъэщхэм яхэтщ икIи а лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Нэгъабэрейм йофIэкI

ЗэкIэ къызэратамкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - жэпуэгъуэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ туристу мелуан 1,6-м щIигъу. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм нэхърэ процент 8,7-кIэ ар нэхъыбэщ.

А ПIАЛЪЭМ къриубыдэу республикэм и хьэщIэщхэм я бжыгъэр 620-рэ хъуащ икIи цIыху мин 22,5-рэ зэуэ абыхэм къыщызэтеувыIэфынущ.

Къуэшыгъэр япэщ

Херсон областым и Голопристанскэ щIыналъэм хыхьэ Новософиевкэ къуажэр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм мы махуэхэм щрагъэкIуэкI. Бжьамийуэ псори зэхэту метр 4200-рэ абы щыдалъхьэнущ.

ИДЖЫРЕЙ лэжьыгъэхэм хыхьэу километри 3,5-м щIигъум бжьамийхэр дагъэзэгъакIэщ, псыкъуийхэри щагъэуващ. Къэнэжа метр 700-р ирашэлIэнущ сабий сад, курыт еджапIэ, сымаджэщ, н.къ. социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэм.

Псыр зэраутIыпщ-зэрагъэувыIэ кранхэм хуэдэхэр ди лэжьакIуэхэм иджыпсту бжьамийхэм хаIуантIэ икIи ар зэрызэфIэкIыу, псыр зэраIэрыхьэр къапщытэнущ.

«ЩIыналъэм и инфраструктурэр егъэфIэкIуэнымкIэ Новософиевкэ

Хъыбар кIэщIхэр

къуажэм бжьамийхэр щыукъуэдииным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ди лэжьыгъэхэр Iыхьэ куэду гуэшауэ щытащ. Иджыпсту ди къалэн нэхъыщхьэр ахэр тэмэму и кIэм нэдгъэсу, къуажэдэсхэм псы къабзэ зэрахуэкIуэну Iыхьэм бжьамийхэр пытщIэнырщ», - жиIащ ди ухуакIуэхэм я тхьэмадэ Къанщыкъуей Андзор.

Гъавэр Iуахыжащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм мыгъэрей гъавэ Iухыжыгъуэр и кIэм нагъэсащ, зыхуагъэувыжа пIалъэхэмрэ щыIэ мэкъумэштехникэ мардэхэмрэ темыкIыу.

РЕСПУБЛИКЭМ гъавэр щызэщIакъуэжащ псори зэхэту гектар мин 280-м щIигъум икIи илъэс къэс ику иту щIыуэ абы хухахым хуэдизщ ар.

МэкъумэшыщIэхэм гъавэу къытрахыжар зыхуэдизым теухуа хъыбархэр иджыпсту щIыналъэхэм статистикэмкIэ я IэнатIэхэм хуагъэхь, иужькIэ, псори зэхалъхьэжу, гъэр къазэрехъулIар къыжаIэн хуэдэу.

Джэдкъазылым хагъэхъуэ

Росстатым къызэритамкIэ, 2025 гъэм и мазипщIым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту джэдкъазылу къалэжьам (псэууэ шэчауэ) процент 15-кIэ хагъэхъуащ е тонн мин 35,1-рэ ар хъуащ.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу республикэм лырэ джэдкъазылу къыщалэжьам и процент 80 мэхъу ар.

Мыдрейуэ, 2025 гъэм и щIышылэм - жэпуэгъуэм КъБР-м и мэкъумэш IэнатIэм мэкъумэш продукцэу къыщIигъэкIащ псори зэхэту сом мелард 71,5-рэ и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 105,7-кIэ хуэкIуэу.

ЩIыналъэщIэхэр къыхашэ

Мэзкуу щыIэ Советхэм я Унэм щэкIуэгъуэм и 5 - 6-хэм щекIуэкIащ 2-нэ дунейпсо Таврическэ инвестицэ-экономикэ зэхуэс.

ЗЭIУЩIЭР зытеухуауэ щытар къэралым къыхыхьэжа щIыналъиплIым: ДНР-м, ЛНР-м, Херсонымрэ Запорожье областхэмрэ - хуаIэ къэрал, бизнес, жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнымрэ инвестицэхэр абыхэм ешэлIэнымрэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу зэхуэсым щыIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и лIыкIуэу УФ-м и Президентым деж щыIэ Быкъыш Ратмир, КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр Iэхъуэбэч Щамил, «КъБР-м ЗыужьыныгъэмкIэ и корпорацэ» IуэхущIапIэм и унафэщI Чочаев Ахъмэт сымэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ зэпеуэ

Ди къэралым и щIыналъэ куэдым мы зэманым щокIуэкI «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм хэтынущ» Iуэхур. А IэмалымкIэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэхэм папщIэ къыхах щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ IэщIагъэлIхэр. Iуэхум хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри.

Фщ1эн папщ1э

ХЭКУПСАГЪЭР «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэр зытет унэтIыныгъэ 12-м ящыщ зыщ. Псалъэм папщIэ, гъэ кIуам хэкупсэ Iуэхухэм яфIэфIу хэтащ къэралым и ныбжьыщIэ мелуаным нэс. Псом хуэмыдэу школакIуэхэр жыджэру хохьэ «Зарница 2.0», «Хранители истории» проектхэм. Ди республикэм щIэх-щIэхыурэ къыщызэрагъэпэщ щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ сэбэп Iуэху зэхуэмыдэхэр.

Мы зэманым юнармием щIыгъуу ирагъэкIуэкI «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм хэтынущ» Iуэхум хыхьэхэм Iэмал яIэнущ я щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ ягъэлъэгъуэну, къэралым нэхъыщхьэу къыщалъытэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм щыщ хъуну, абы хэлъхьэныгъэ хуащIыну, я щIэныгъэм хагъэхъуэну, федеральнэ мыхьэнэ зиIэ проектхэм тегушхуэну.

Проектым хыхьэхэр зэпеуэ зыбжанэм пхыкIын хуейщ. Псалъэм папщIэ, я лэжьыгъэр къагъэлъэгъуэнущ, щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ езыхэм нэхъыфIу къалъыта Iэмалхэр пхагъэкIынущ, къэпщытакIуэхэм я упщIэхэм жэуап иратынущ. Проектым хыхьэну гупыж зыщIхэм дыгъэгъазэм и 14-м «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» я сайтым зыкъыщагъэлъэгъуэн хуейщ. *https://projects.pervye.ru/projects/8f2ccfefe3b9-49c8-bla1-9d0f2d8b9d9e*

ХэкIуэдахэм я фэеплъ жыг

Дызэкъуэту

КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и жэрдэмкIэ школ-интернат №1-м щекIуэкIащ хэкупсэ акцэ. Ар хуэгъэпсат а еджапIэм и гъэсэнхэу плIым, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкIым лIыгъэ къагъэлъагъуэу хэкIуэдахэм.

ЗЭIУЩЭМ хэтащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ, полицэм и полковник Бахъуэ Аслъэн, МВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Мэкъуашэ Руслан, абы и къуэдзэхэу Клюшниченкэ Вадимрэ Бакуев Жэмалрэ, дзэ Iуэху хэхам щыхэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, апхуэдэуи гуманитар-техникэ колледжым и студентхэу, «Правоохранительная деятельность» программэмкIэ ирагъаджэхэмрэ полицэм и кадет классхэм щIэсхэмрэ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеславрэ МВД и лэжьакIуэ гупымрэ къабгъэдэкIыу Бахъуэ Аслъэн къызэхуэсахэм захуигъэзащ икIи къыхигъэщащ дзэ къулыкъур езыхьэкIыу хэкIуэдахэм Хэкум папщIэ къагъэлъэгъуа къэмылэнджагъэмрэ лIыгъэмрэ, я Iыхьлыхэм фIыщIэ яхуищIащ лIы нэсхэр зэрагъэсам папщIэ.

- Дэ дропагэ ди дзэ къулыкъущIэхэм, къэралым и хуитыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ зыхъумахэм я къарумрэ лIыхъужьыгъэмрэ. Ахэр сыт щыгъуи ди гум илъынущ, тхыдэм къыхэнэнущ, - къыхигъэщащ абы.

Хэкупсэ Iуэхум кърихьэлIахэр дакъикъэкIэ щымащ, сержант нэхъыжь Шокъарэ Замир, сержантхэу Урыс Тимур, Хапаев Ислъам, сержант нэхъыщIэ Щоджэн Мухьэмэд сымэ я фэеплъым пщIэ хуащIу.

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ Мэкъушэ Руслани.

- Фи Iыхьлыхэм я къалэныр щIыхь пылъу ягъэзэщIащ, къэралым и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным я гъащIэр щхьэузыхь хуащIри. Ахэр лIыхъужь нэсхэщ! Я гъащIэр - щIэблэщIэхэм я дежкIэ щапхъэщ Хэкум хуэпэжынымкIэ, къэралыр фIыуэ ялъагъунымкIэ. Абыхэм я хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ мыкIуэдыжын гъуазэу къэнэнущ! - къыхигъэщащ Мэкъушэм.

Хэкупсэ Iуэхум и кIэухыу, хэкIуэда лIыхъужьхэм я фэеплъу жыгыщIэхэр хасащ къызэхуэсахэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Тхыдэр сурэтхэмкIэ къатIэщIыж

Москварэ Санкт-Петербургрэ къикIа IэщIагъэлIхэм КъБКъУ-м мастер-классхэр щрагъэкIуэкI, реставратор IэщIагъэм хуеджэхэм папщIэ. Мы дерсхэр къызэрагъэпэщ «Прикасаясь к истории» егъэджэныгъэ Iуэхум хыхьэу.

НЭХЪАПЭIУЭКIЭ Налшык щрагъэжьа Iуэху щхьэпэм пащэ Москва и Къэрал тхыдэ музейм и реставратор Владимировэ Иринэрэ Санкт-Петербург реставрацэмрэ дизайнымкIэ и академием и реставратор Журбенкэ Юрэрэ. КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжым и студентхэм я дежкIэ а дерсхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ.

Владимировэ Иринэ и унафэм щIэт, 3 - 4-нэ курсхэм щеджэ студентхэм КъБР-м СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и музейм и фондым щахъумэ «Всадник» сурэтым нэхъапэм иIа теплъэр зэфIагъэувэж. А лэжьыгъэр гъатхэм ирагъэжьащ, IэщIагъэлIхэр япэу Москва къыщикIам. Лэчыжьым и лъабжьэм тету къагъуэтащ «Ж. Р.» монограммэмрэ «1854 гъэ» илъэсымрэ. Апхуэдэу зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр тхыдэ къэхутэныгъэм хуэкIуащ. Сурэтым урыс-тырку зауэм и лIыхъужь къигъэлъагъуэу хуагъэфащэ. Ар хэтми иджыри къахутакъым.

- Мы еджапIэм нэхъапэм дыкъыщыкIуам сурэтым иIэ чэтхъахэр зыхуей хуэдгъэзэжщ, лэч щхъуэкIэплъыкIэкIэ дытелыхьыжри, дгъэбыдэжащ, - жеIэ Иринэ. - Иджы лэжьыгъэр зэрыщыту зыхуей хуэдгъэзэжынущ. Студентхэм загъэсэн хуейщ зэманкIэ зызыхъуэж плъыфэхэм елэжьыфу. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Журбенкэ Юрэ 2-нэ курсым щеджэхэм ядолажьэ пхъэ артефактхэр зэфIэгъэувэжыным теухуауэ.

- УнэлъащIэхэр зыхуей хуэгъэзэжыным студентхэр хуегъэджэнырщ си къалэныр. Пхъэр фIыуэ гъэкъэбзауэ нэхъапэм иIа теплъэр зэфIэгъэувэжын хуейщ, - жеIэ IэщIагъэлIым. - ЩIалэгъуалэр щызогъэгъуазэ си Iуэху бгъэдыхьэкIэм хэлъ щэхухэм. Ар тхылъхэм щыбгъуэтынукъым. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, къызэрыгуэкI Iэмэпсымэхэмкlэ пхузэмыгъэпэщыж хьэпшып цIыкIухэр.

КъБКъУ-м иджыблагъэ къыщызэIуаха унэтIыныгъэхэм ящыщщ «Реставрация» IэщIагъэр. Абы и щхьэусыгъуэри щIыналъэр щIэныгъэ зиIэ апхуэдэ IэщIагъэлIхэм зэрыхуэныкъуэрщ.

КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжым и унафэщI Къанло Алим зэрыжиIэмкIэ, егъэджэныгъэ Iуэхур зэтеублэнырщ нэхъ гугъур. Республикэм апхуэдэ IэщIагъэлIхэр зэримысым къыхэкIыу, нэгъуэщI щIыпIэхэм къэрашыурэ я студентхэр ирагъэджэну мурад ящIащ. Абы и лъэныкъуэкIэ университетым хуабжьу зыкъыщIегъакъуэ «Реставрацэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыныммкIэ «РЕ-Старт» центрым», абы и унафэщI Портновэ Марие. А зэдэлэжьэныгъэм и фIыгъэкIэ, КъБКъУ-м и студентхэм Iэмал яIэщ федеральнэ экспертхэм я дерсхэм екIуэлIэну, реставрацэмкIэ урысейпсо симпозиумхэм хэтыну.

Зы тхьэмахуэ дэкIмэ, студентхэм ягъэлъэгъуэнущ IэщIагъэлIхэм я дерсхэм хыхьэу зрагъэщIа Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпыр. КъыкIэлъыкIуэхэр гъатхэм къызэрагъэпэщыну я мурадщ. Ахэр теухуауэ щытынущ студентхэм я диплом лэжьыгъэхэр зэрагъэхьэзырыным.

КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым «Реставрация» IэщIагъэм щыхуеджэ Къармэ Ланэрэ Ету Илонэрэ нэхъапэIуэкIэ хэтащ Ярославл областым и Переславскэ музей-заповедникым щахъумэ сурэтхэр къэгъэщIэрэщIэжыным.

«Реставрация масляной живописи, посвященной эпохе соцреализма» Iуэхур къызэрагъэпэщащ Урысейм и Реставраторхэм я зэгухьэныгъэмрэ Переславскэ музей-заповедникымрэ. Абы хэтащ Санкт-Петербург Штиглиц А. Л. и цIэр зезыхьэ и художественно-промышленнэ академием, Санкт-Петербург щэнхабзэмкIэ и институтым, КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым реставратор IэщIагъэм щыхуеджэ студентих.

Я щIэныгъэ унафэщI, япэ категорие зиIэ художник-реставратор Владимировэ Иринэ и нэIэ къатету, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм къагъэщIэрэщIэжащ художник Попков Виктор и Iэдакъэ къыщIэкIа «На лесах Большого театра» сурэтыр, Делл-Вос-Кардовская О. Л. и «Лестница, ведущая к церкви Александра Невского», «Крыльцо и собачья будка» лэжьыгъэхэр.

Переславль-Залесскэ зэрыщыIар студентхэм ягу ирихьащ. Абыхэм яфIэгъэщIэгъуэну зыщагъэгъуэзащ къалэм и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ. Ахэр Спасо-Преображенскэ члисэм, Горицкэ Успенскэ къулъшырыфым, «Ботик Петра I» унэ-музейм. Псом хуэмыдэу Ланэрэ Илонэрэ гуапэ ящыхъуащ Переславскэ музей-заповедникым и лэжьакIуэхэм зэрагъэхьэщIамрэ я гупым пщIэ къызэрыхуащIамрэ.

- Сызыхуеджэ IэщIагъэр щIэщыгъуэщ. Гъуазджэ сурэтхэм я гъащIэр нэхъ кIыхь пщIыным нэхъыфI сыт щыIэ?! Реставраторхэр тхыдэм дылъэIэсым хуэдэщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр хъугъуэфIыгъуэхэм я япэрей теплъэр дыхуэсакъыу тхъумэнырщ. Ярославскэ областым дызэрыщыIар къытщхьэпауэ къызолъытэ. Iыхьэлейуэ гуапэщ Попков Виктор и «На лесах Большого театра» лэжьыгъэм иджы си гуащIи зэрыхэлъыр, - жеIэ Ету Илонэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

«ЭЛЬБРУС»-м къулыкъу щызыщIэну хуейхэм гу зылъатапхъэ

Къуэшхэ!

И чэзу хъуащ, къалэным дытепсэлъыхьым и мызакъуэу, ар гъэзэщIэным хуэунэтIа лъэбакъуэ тчыну - зэкъуэшыныгъэ нэсымрэ щIыхьымрэ къыхэтхыну.

ЦIыхур езым фIэфIу зыхыхьэ хъуну «ЭЛЬБРУС» зэгухьэныгъэщIэм къулыкъу щызыщIэну хуейхэр къеощтэ.

«ТЕРЕК» тIасхъэщIэх гуп цIэрыIуэм и къудамэ нэхъыфIхэм ящыщщ «Эльбрус»-р.

1. ЗэгурыIуэныгъэр ефщIылIэ хъунущ мази 6, мази 8, илъэс пIалъэкIэ икIи абыхэм фи арэзыныгъэ хэмылъу къыпащэнукъым.

ЗэгурыIуэныгъэр зэрефщIылIа пIалъэм елъытауэ зэ тыгъуэу сом мин 400-м нэс къыватынущ.

2. ЛэжьапщIэр: мазэ къэс сом мин 210-м къыщыщIэдзауэ мин 300-м нэс мэхъу.

3. Езыхэм яфIэфIу къулыкъум хыхьахэм зауэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеран статусыр ягъуэт икIи абы къыпэкIуэ льготэ псори кърат.

Къуэшхэ! Нобэ Хэку-анэр тхъумэжыну къытщогугъ!

ЦIыхухъу нэсхэр къыхудоджэ ди Хэкум къыщхьэщыжыну!

«Эльбрус» дзэ къудамэм хыхьэ!

Хэкум къыщхьэщыж икIи текIуэ!

ЗэрызыкъытпыфщIэфынур:
+7 (918) 729-57-08
+7 (928) 702-88-93
8 (8662) 40-42-87

Адыгэ хьэкъущыкъу телъыджэ!

Иджыблагъэ Москва, Пречистенкэ уэрамым тет «Mastersuit» IуэхущIапIэм (Модэм и унэм), щекIуэкIащ адыгэ гъащIэм теухуа сурэтхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ. Телъыджэу, псори щIэупщIэу, зытеухуар, къызыхэщIыкIар, и мыхьэнэр яфIэгъэщIэгъуэну ягъэлъагъуэ псоми къахэщхьэхукIащ зы хьэпшып лIэужьыгъуэ - фарфорым къыхэщIыкIа «Voyage tn Circassie» хьэкъущыкъу зэхэтыр. Сервизым хэтщ IэгубжьэхэмрэI (чашкэ) шейщIэтхэмрэ, шейныч, фошыгъулъэ.

ХЬЭКЪУЩЫКЪУ къызэрымыкIуэр зи Iэдакъэщ IэкIыр адыгэ бзылъхугъэщ. Тхыдэдж, юрист, IэпэIэсэ, коллекционер Куэблэ Тамарэ щIыгъуу хьэкъущыкъу телъыджэр щIыным елэжьащ Император фарфор заводыр. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Куэблэ Тамарэ зэхуехьэс, йолэжь, едж адыгэ щIыкIэм тету, адыгэ тхыпхъэхэр хэту ящI иджырей гъуазджэ хьэпшыпхэм. Къапщтэмэ, Куэблэм иIэщ апхуэдэ гравюрэу 5000 хуэдиз, ауэ абыхэм къыхэщыпыкIахэрщ хэгъэхьар.

«Voyage tn Circassie» хьэкъущыкъу зэхэтым и теплъэр адыгэ дуней телъыджэу зэхэухуэнащ, пасэрей лъэпкъ гупсысэ къыхощ, тхыдэм ухешэж, адыгэ лъэпкъым и гъуазджэ дунейм къызэрымыкIуэу хэтыр уегъэгъуэгъуэ. XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм Черкесием и щытыкIар, и щыIэкIа-псэукIар тезэгъащ хьэкъущыкъу сервизым. Фалъэхэр, шейщIэтхэр, Iэгубжьэхэр гъэщIэрэщIащ Кавказым щыIа зыплъыхьакIуэхэм я пасэрей гравюрэхэмкIэ. Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщу и цIэ къипIуэ хъунущ Белл Джордж, Спенсер Эдмунд сымэ. ШейщIэт сервизым къыщыгъэлъэгъуащ адыгэ дуней тетыкIэу ди япэ итахэм яIар. Мыри гъэщIэгъуэнщ: хьэкъущыкъу зэхэтым и дэтхэнэ пкъыгъуэми тещIыхьащ Кавказ къущхьэхъушей гъэгъар. Ар пасэрей Черкесием и дамыгъэ хуэдэу къэгъэлъэгъуащ. ХьэкъущыкъуI зэрыгъэщIэрэщIа адыгэ тхыпхъэхэми гупсысэ щхьэхуэхэр яхэлъщ – тхыпхъэхэр ар езыхэр лъэпкъ дунейм теухуауэ куэд къэзыIуатэщ.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Тамарэ езым зэхуехьэс, едж икIи егъэлъагъуэ адыгэ гъуазджэ дунейм щыщ телъыджэхэр. ЦIыхубэр фIыуэ щыгъуазэщ абы и «Нобэ» брендым. Брендым и лъабжьэр пасэрей адыгэ тхыдэрщ, ди лъэпкъ гъуазджэрщ. Арами, абы езэгъыу хэтщ иджырей щIэныгъэм, щэнхабзэм, модэм и щэхухэри. Брендым егъэлъагъуэ щэнхабзэ ин. Сыт апхуэдэ фIэщыгъэм къикIыр жыпIэмэ, ди тхыдэм, блэкIам, хабзэм щыщ Iыхьэхэм, дытепсэлъыхьыж мыхъуу, ди зэманым - нобэм - ахэр къедгъэкIун зэрыхуейм тегъэщIауэ хузогъэфащэ абы и мыхьэнэр. Дыгъуасэ дыщыIа къудейкъым, ноби хуэфэщэну дыкъогъуэгурыкIуэ, апхуэдэу щыхъукIэ, къэкIуэни тхуэфащэщ.

«Нобэ» брендым и студием щызэхуахьэс адыгэ Iэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр, пасэрей унэлъащIэм щыщхэр, фэилъхьэгъуэхэр - ди шыфэлIыфэр къэзыгъэлъагъуэ псори. Сыт ди шыфэлIыфэр жыпIэмэ - акъыл, гупсысэ, хабзэ-нэмыс, зыIыгъыкIэ екIу.

Лъэпкъ гупсысэр зи гум из Куэблэ Тамарэ и IэщIагъэкIэ юристщ. Езыр IэпэIэсэщ, адыгэпсэщ, коллекционерщ, хэкупсэщ. Адыгейм щыщщ, Франджым щеджащ, Москва щопсэу. Илъэс 16-м щегъэжьауэ бзылъхугъэр дехьэх адыгэ дунейм и дахагъэр гъэлъэгъуэным. Интернет утыкур фIыуэ егъэIэкIуэлъакIуэ абы папщIэ. КъызыхэкIа лъэпкъым хуиту тепсэлъыхьыфыну, ди хабзэ дахэхэр дуней псом щигъэлъэгъуэну, гъуазджэу диIэм нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэр кърегъэхъуэпсэну абы Iэмал кърет адыгэм теухуа тхылъ куэд зэрыщIиджыкIам. Пщащэр жыджэру холэжьыхь «Адыгэхэр» фондым и Iуэхухэм. Абы хыхьа нэужь, адыгэ къафэм дихьэхри, ансамблым илъэсихкIэ къыщыфащ.

Куэблэ Тамарэ фIы дыдэу илъагъу Iуэхугъуэхэм ящыщщ модэр. Абы кIэлъоплъ, фэилъхьэгъуэ екIухэмкIэ цIыхум и гупсысэмрэ и псэм и щытыкIэмрэ зэригъэлъэгъуэфынум шэч къытрихьэркъым. Псом нэхърэ нэхъ игу дыхьэр, дауи, ди адыгэ фащэрщ - фащэм и мыхьэнэм зыщегъэгъуазэ, пасэрей фащэ лIэужьыгъуэхэм я щэхухэр зэрегъащIэ, абы кIэрылъ пкъыгъуэ къэс я мыхьэнэм гупсысэу хэлъыр адыгэ дуней тетыкIэ дахэм зэрепхам ирогушхуэ. Езым ед адыгэ фащэм и пкъыгъуэхэмкIэ екIуу гъэщIэрэщIа фэилъхьэгъуэхэр. Бзылъхугъэм иукъуэдиящ зы гупсысэ щIагъуэ - адыгэ фащэм махуэшхуэ урикIуэным, гуфIэгъуэ урихэтыным, укърифэным нэмыщI, махуэ къэси зэбгъэкIуу щыптIагъэ зэрыхъур, ар зэрытыншыр икIи ар щыптIэгъа нэужь къалэн къыпщищI зэпIэзэрытагъэр псэм зэрыфIэфIыр.

Адыгэ бзылъхугъэм и гурыхуагъэм, лъэпкъ дуней тетыкIэр щIалэгъуалэм гурыхь зэращищIыфым, ди тхыдэр зэриджыжым, ди щэнхабзэм и дахагъэр зэрызыхищIэм, дунейпсо гъуазджэм адыгэ лъэпкъыр хуэфэщэну зэрыхэувэр зэригъэлъагъуэр - а псом уи гур хагъахъуэ!

ГУГЪУЭТ Заремэ.

• Спорт

Урысейпсо зэхьэзэхуэм

Владимир къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ алыджурым бэнэкIэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Европэм и дыжьын медалыр къэзыхьа бэнакIуэ цIэрыIуэ Тимофеев Дмитрий и фэеплъу щытащ ар. Зэхьэзэхуэм щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 36-м я бэнакIуэу 229-рэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и спортсмену зэпеуэм 9 хэтати, плIым медалхэр къахьащ. Килограмм 63-рэ зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ увыпIэр щиубыдащ Къазмыхь Сэлим. Уэртэн Руслан (кг 67-рэ), ТIэхъу Дамир (кг 63-рэ), Ульбашев Iэдэм (кг 60) сымэ ещанэ хъуахэщ.

ЩIалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Нэгъуей Азэмэт, Елчэпар Мурат, ЩхьэщэмыщI Ахьмэдхъан, ГъуаплъащIэ ТIэхьир сымэ.

ЩIыналъэхэм я чемпионатым

Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ киокушинымкIэ я чемпионатрэ пашэныгъэхэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэхэмрэ Астрахань къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 11-м, Луганск областымрэ Кърымымрэ яхэту, я спортсмен 700-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ - медаль 25-м къыдэкIуэу гупхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр щаубыдащ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Таттаевэ Iэминэ, Биткаш Ашшур, Аслъэн Аслъэн, Комбеец Аннэ, Черный Владимир, Шыд Ислъам, Аккaзиевэ Ясминэ сымэ. Абы нэмыщI, дыжьын медалхэр цIыху 12-м, домбеякъхэр - 6-м къахьащ.

Командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Биткашхэ Емельянрэ Давидрэ, КIэш Даут, Карпенкэ Данил, Жамбей Астемыр, Кумыщ Алихъан, Вэрокъуэ Энвер, Меркуловэ Александрэ сымэ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Уэркъ ипкъ кIуэдыркъым

Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ «Къэмбэчокъуэ лъэпкъыр» («Род Камбачоковых») тхылъыр. И цIэм къызэрыбжиIэщи, ар теухуащ Къэмбэчокъуэхэ я тхыдэм, зыщаубгъуа щIыпIэхэм, къахэжаныкIа цIыхухэм, езы лIакъуэм и нобэрей махуэм. Тхылъыр и IэдакъэщIэкIщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Къэмбэчокъуэ Iэдэм Муштэхьид и къуэм.

ЛЪЭПКЪ щхьэхуэхэм ятеухуауэ тхылъ куэд къыщыдэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым 90 гъэхэм щегъэжьауэ. Тхыдэ тегъэщIапIэхэм, дэфтэрхэм, картэхэм, щыхьэту къэбгъэув хъуну IэщIагъэлIхэм нэхъ тыншу уалъэIэс зэрыхъурэ, апхуэдэ къыдэкIыгъуэхэр кIуэ пэтми нэхъ купщIафIэ, гъэщIэгъуэн икIи мыхьэнэ зиIэ мэхъу. Ардыдэр хужыпIэфынущ нобэ дызытепсэлъыхьми. Iуэхум хуэмыIэижь гуэрым и IэдакъэщIэкIыу щымыту, лIакъуэм и тхыдэм щIэныгъэлI щытетхыхьым и деж, дэтхэнэ псалъэуахами и уасэр куэдкIэ нэхъ ин мэхъу. Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Сокъур Валерэ Къэмбэчокъуэм чэнджэщэгъурэ къэпщытакIуэрэ зэрыхуэхъуами уи фIэщ ещI мы тхылъыр пщэдей ящыгъупщэжыну лэжьыгъэ къызэрыкIуэу зэрыщымытыр.

Къэмбэчокъуэ Iэдэм бзэ щIэныгъэлIщ. Абы и фIыгъэкIэ, гъэщIэгъуэн дыдэу топсэлъыхь унэцIэм и мыхьэнэмрэ ар зэрызэхэлъ псалъэхэм я лъабжьэхэмрэ. «Къэмбэчокъуэ» унэцIэр Iыхьищу зэхэлъщ: «къан», «бэч», «къуэ». «Къуэ» Iыхьэр зыпыувэ унэцIэхэр нэхъ пасэу къэхъуахэм хабжэ, «къан» псалъэм и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщ: япIыну къащта нэрыбгэм апхуэдэу еджэу щытащ, «м»-р къэпсэлъыкIэм ихъуэжа тхыкIэу аркъудейщ. «Бэч» е «бей» псалъэхэр зэмыхьэнэгъущ, «зиусхьэн» къикIыу аращ. ЩIэныгъэлIым апхуэдэу щIэщыгъуэу иришэжьа хъыбарыр ауэрэ хуешэ зытепсэлъыхь лъэпкъыр «уэркъ дыжьыныгъуэ» жыхуаIэхэм зэращыщам. А темэм Къэмбэчокъуэм зыщрегъэубгъу «Уэркъ ипкъ кIуэдыркъым» зыфIища Iыхьэм. Дэнэу пIэрэт-тIэ здэщыIар Къэмбэчокъуэхэ я лъапсэжьыр? А упщIэм и жэуапым теухуащ тхылъым и Iыхьэ нэхъ ин дыдэу тхыдэ дэфтэрхэр, картэхэр, Iуэхум хэзыщIыкI щIэныгъэлIхэм я еплъыкIэхэр зи тегъэщIапIэр. КъызэрыщIэкIымкIэ, Къэмбэчокъуэхэ я лъабжьэжьыр здэщыIэр нобэ ДжылахъстэнейкIэ дызэджэ, а зэманым Талъостэнейри зыхыхьэу щыта щIыналъэрщ. Кавказ зауэм и зэманым, 1822 гъэм Ермоловым и пIэм ирихуа къуажэхэм язт Къэмбэчокъуейкlэ зэджэу щыта, Курпрэ Тэрчрэ я зэхуакум дэлъа къуажэжьыр. Ар зыхуэзэ щIыпIэр, дэса цIыхухэм я цIэхэр, я бжыгъэр, къинэмыщI тхыдэ щыхьэтхэр къехь Къэмбэчокъуэ Iэдэм. Мы унэцIэр зезыхьэ лIакъуэр тхыдэм зэрыпхыкIа гъуэгум и закъуэ урикъунщ адыгэ лъэпкъым и блэкIар ирибджыжыну. Къэбэрдейм и щхьэр изыхахэр Хьэжрэтым, Псыжь адрыщI Iэпхъуа нэужь, щетIысэхар зи тхыдэ гузымкIэ цIэрыIуэ Хуэдз къуажэрщ. Ауэрэ зэманым зихъуэжурэ, 1863 гъэм лIакъуэм ящыщ гуэрхэм Къэбэрдейм къагъэзэжащ, щхьэж и Iуэху нэхъ щыдэкI щIыпIэм зыщиIэжьэурэ, нобэрей Къэмбэчокъуэхэ щыпсэу Къэсейхьэблэм, Къэхъун, Аргудан дэтIысхьахэщ.

«Къэхъун нобэ дэс Къэмбэчокъуэхэ къызытехъукIар 1863 гъэм Хьэжрэтым къиIэпхъукIыжа зэкъуэшитIырщ - Махуэрэ ХьэщIымахуэрэ», - етх щIэныгъэлIым. Лъэпкъым и нэхъыжьхэри, и нэхъыщIэхэри, пщIэрэ щхьэрэ зиIэу къахэкIа цIыху цIэрыIуэхэри къигъэлъагъуэм къыщымынэу, Къэмбэчокъуэ Iэдэм и тхылъым ихуащ нэхъ сабий дыдэу къащIэхъуахэм нэгъунэ я сурэтхэр. Щхьэхуэ-щхьэхуэу тхылъым къыщыгъэлъэгъуащ Аргудан, Къэсейхьэблэ къуажэхэм дэс Къэмбэчокъуэхи. Дэтхэнэ лIакъуэми я лъэпкъ жыгым щхьэж хуэгъэфэща Iыхьэм ущыхуозэ.

Гулъытэншэу къигъанэркъым щIэныгъэлIым хамэ къэралхэм Iэпхъуа, абы къуэпс щызыдза унэкъуэщхэри. Апхуэдэхэм я нэхъыбэр щыпсэур Иорданиерщ, Франджым Iэпхъуахэри яхэтщ.

«БлэкIа зэман гугъум зриукIа щытыкIэ гущIэгъуншэм Къэмбэчокъуэхэ ЩIы Хъурейм щызэбгрипхъащ, ди жагъуэ зэрыхъущи. Дигу зэрыхэщIым хуэдэу, итIани, ди фIэщ дощI хамэщI щыпсэу Къэмбэчокъуэхэмрэ Хэкум исхэмрэ зэгуэр зэрыцIыхуну, зэлъэIэсыну Iэмал ягъуэтыну».

Къэмбэчокъуэ Iэдэм и IэдакъэщIэкIым хуиIэ гупсысэхэр пэублэм къыщехь, мы тхылъым и купщIэри арагъэнщ нэхъ Iупщу къэзыгъэлъагъуэр. ДэIэпыкъуэгъурэ чэнджэщэгъурэ къыхуэхъуахэм я цIэхэр криIуа нэужь, щIэныгъэлIым жеIэ: «Алыхьталэм фIыщIэ хузощI илъэс тIощI ипэкIэ щIэздза лэжьыгъэр и кIэм нэзгъэсыну Iэмал къызэрызитам папщIэ икIи солъэIу, ди ужь къиувэнухэм пщIэ зиIэ мы пасэрей лъэпкъыжьым теухуа си тхылъым щысIэщIэкIа щыуагъэхэр щызэрагъэзэхуэжкIэ, пэжым темыплъэкъукIыну».

ЧЭРИМ Мариannэ.

ТхьэрыIуэ ящI

КъБР-м и Звёзднэ поселкэм щыIэ, Урысей гвардием и дзэ частым щекIуэкIащ щIэблэщIэм дзэ тхьэрыIуэ ятыным хуэщIа Iуэху гуапэ.

АБЫ кърихьэлIащ дзэ частым и унафэщIхэм ящыщхэр, Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Хужьокъуэ Руслан, дзэ къулыкъур езыхьэкIхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

- Мы махуэ гуапэм фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ тхьэрыIуэм къалэн къыфщищIхэр - ар цIыхухэмрэ къэралымрэ уахуэпэжынырщ. Мыбдеж щыщIэдзауэ фэ фщыщ дэтхэнэри Хэкум и хъумакIуэ нэс мэхъу. ЩIыхь пылъу зефхьэ а цIэр. Пэжу, жэуаплыныгъэ фхэлъу къулыкъур ефхьэкI. Къэралымрэ фи ныбжьэгъухэмрэ фхъумэ, - жиIащ Хужьокъуэ Руслан.

Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ иригушхуэу я къуэхэм тепсэлъыхьащ икIи къулыкъум ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну ехъуэхъуащ.

Iуэхур иухащ щIэуэ къащтахэр Хэкум и хъумакIуэхэм я сатырхэм зэрыхыхьэм и нагъыщэ махуэшхуэ маршкIэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинам и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.300
Заказыр №2.648
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.